


UNOCHEMEI? TAURA!

 Ishe vakuropafadzei! Ngatirambei takasimuka kwekangavana, patiri kukotamisa misoro yedu. Pane chikumbiro chakatsaurwa here? Kana muchida, ngachiziviswe nekusimudzwa kwemaoko enyu kunaMwari woti, naizvozvo, “Ishe, Munoziva chikumbiro changu.”

² Baba veKudenga, zvirokwazvo tiri va—vanhu vakaropafadzwa mangwanani ano, kuva takaungana muimba yaMwari, tichiziva kuti pane vakawanda vangada kunge vari muimba yaMwari mangwanani ano, uye vari muzvipatara nepanhowo dzhurwere. Zvino iMi matipa mukana uno wekuva kunze kuno nhasi. Uye hatiuye, Ishe, kuzoonana, kunyange tichida kuyanana kwatinoita mumwe kune mumwe; asi tinokwanisa kuita izvozvo kudzimba dzedu. Asi tauya pano kuzoyanana neUyo Atiunza pamwe chete sevana nehama dzinodikanwa.

³ TinoKutendai zvino. Uye nzira yega yatinoziva yekuyanana neMi zvakafanira muShoko reNyu. Shoko reNyu iChokwadi. Tinounganira pano simba repamweya. Tinorida, Ishe. Tinofanira kuva nesimba rekutsungirira michinjikwa yatinotakura. Zvino tinonamata kuti Muchatumira Mweya Mutsvene mukuru nhasi, uye uchatisimbisa tose. Ipai zvikumbiro zvevanhu veNyu zvavaungana nokusimudza maoko avo kwaMuri, kuti vanoda zvinhu izvozvo. Pindurai mumwe nemumwe, Ishe.

⁴ TinoKutendai nekuchengetedza hupenyu hweHanzvadzi yedu Ungren husiku hwapfuura, patsaona munzira kumusoro uko. Makavaitira nyasha, Ishe, uye tinoKutendai naizvozvo. Uye zvino tinonamata, Baba voKudenga, kuti Murambe muinesu nekutibatsira patiri kuenderera mberi nerwendo, mumwe nemumwe wedu. Tipeiwo simba reNyu rinosunganidza neku—kutenda kwekuziva kuti Hupo hweNyu husingakundike huhava nesu. Munguva iyo yatisingagone kuzvibatsira, tinoziva kuti “Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza avo vanoMutya, uye Dzichatitakura zvichida tingagumburwa nedombo.” Tinonamata iye zvino kuti Mutipewo maropafadzo eNyu eShoko, nekutaura kubudikidza nesu, uye matiri, muZita raJesu Kristu. Amen.

⁵ Ndafara zvikuru nokuda kwechiedza chezuva kunze, zuva remuchadenga, riri kuvheneka. Kwanga kwakaminama mangwanani ano. Uye ndinofunga, munyika ino, kunyanya, tine mamiro ekunze akahundundika, akaneta kazhinji. Zvino kuona zuva richipenya, richibuda, zvakaisvonaka kwazvo.

⁶ Izuva duku rekusangana kwemhuri nhasi, ndinosangana nevanin'ina vangu, uye vari kumba kwehanzvadzi yangu,

uye nedzimwe hama dzedu dzepanyama dziri muguta nekupoterredza. Pane boka guru ravana Branham. Dai vaiuya vose kubva kuKetucky, muno, ndinofungira kuti taitofanira kurenda guta; pane vazhinji vavo. Asi kakuungana kadiki kumba. Taisimbosangana tose kumba kwaamai, zvino ndivo vaiva mbiru yaitibanidza tose pamwe chete, zvakada kudaro. Asi Mwari vakatora mbiru iyi Kudenga, uye ndinotarisa kuti tichasangana tose ikoko rimwe zuva.

⁷ Uye zvino ndakataura rimwe zuva, ndakati, “Munoziva, ndinotenda kuti ndi—ndichapfupisa mharidzo dzangu dzemusi weSvondo kusvika kumaminitsi angaita makumi maviri, uye—uye, kana matatu, zvino tozonamatira vanorwara.” Zvino ndafunga nezvazvo mangwanani ano.

⁸ Zvino ndakafunga husiku hwapfuura, apo Hanzvadzi Downing vakandidana ndokutaura kuti, vakadana Billy ndokuti ivo naHanzvadzi Ungren vari munzira yavo kukwidza, vakanga vatsvedza mumugwagwa ndokuva netsaona. Zvino Billy paanga achiri pahwindo, ipapo, handizive kuti dzakanga dziri nguvai; zvichida mangwanani ano, pane imwe nguva. Ndanga ndakarara kwechinguva. Ndokutarisa zasi kwaHama Wood, magetsi anga akadzima. Zvino ini ndokungopfugama kuti ndinamate, zvino pandadaro, chimwe Chinhu changoti kwandiri, “Zvakaringana.” Saka zvino ndaudza Billy, “Vaudze kuti, ‘Zvose,’ ndikafunga, ‘zvaizonaka.’” Ndinofara chaizvo kuvaona muno mangwanani ano, uye vagere muimba yaShe, shure kuno mushure mekuva pamugwagwa.

⁹ Vanhu vanokuda zvakanyanya, kufamba kwemazana emamaera kuuya kuzonzwa Evhangeri, zvino ndikafunga, “Mharidzo yemaminiti makumi maviri, nechinono chandiinacho, hapana zvadzinobatsira.” Saka ndafunga kuti ndaizongo. . . zvakareba kudai.

¹⁰ Saka zvadaro, kunzwa Hama Ungren, mwanakomana wavo, mangwanani ano, achiimba, “Muri mukuru.” Iye ane. . . Anoreva zvakanyanya kwavari mangwanani ano kudarika zvazvaiva nezuro masakati, nokuti Mwari mukuru weKudenga akachengetedza, amai vavo nehanzvadzi vanodikanwa.

¹¹ Zvino, nhasi, tiri kutarisira nguva huru munaShe. Uye ndanga ndiine nhaurwa mbiri kana nhatu dzakasiyana pano dzandanga ndichitarisa, uye ndanga ndisiri, kukwanisa kuona kuti ndeipi yandaizotaura pamusoro payo mangwanani ano. Imwe yadzo yanga iri, “Isa shuvo dzako dzose paAri, nokuti ane hany’a newe. Zvino, kana Aine hany’a, ungaraga seiwo?”

¹² Saka zvino mumwezve, Billy Paul, kana kuti kwete Billy Paul. . . Mumwe mwanakomana wangu, Joseph, akaunza musoro wenyaya uyu kwandiri nguva refu yapfuura. Akanga akagara mukamuri rimwe zuva, zvino akati, akatarisa kumusoro kumufanakiso, uye Billy. . . Kana, Joseph anofarira zvigwa,

sevakomana vadiki; zvigwa nemabhiza, munoziva. Zvino iye akati kwandiri, “Baba, Jesu ane igwa here?”

Ini ndikati, “Handizive.”

¹³ Saka mushure mekunge asimuka abuda, ndakaerekana ndafunga, “Ane igwa here?” Zvino ndakatora musoro wenyaya kubva ipapo, ndokuzvinyora pasi muno mubhuku rangu, “Jesu ane igwa here?” Zvino ndakangofunga. PaAiva pano panyika, Akatozokwereta chibereko chekuzvarirwa machiri, bwiro rekuvigwa mariri, igwa rekuparidzira mariri, asi ndiYe Mutyairi wechikepe chakare cheZioni. Chokwadi, Anaro. Asi, zvino misoro yenyaya yandanga ndichifunga, ndichifunga kuti zvichida ndaigona kuiwana nguva inotevera, tisati tasimuka kudzokera.

¹⁴ Munoziva, ndinofarira kutaura kubva patabhenakeri ino, nokuti ichечи yedu pachedu. Tinonzwa kusununguka kutaura chero zvinotaurwa neMweya Mutsvene. Kune dzimwe nzvimbo, kunyange munhu wacho achida kukuchingamidza, unonzwa sekumanikidzwa zvisvishoma nokuti u—uri muchечи yemumwewo munhu, uye unoda kuva murume ane tsika dzekuremekedza pfungwa dzavo—dzavo nedzidziso yavo.

¹⁵ Takava nenguva yakanaka vhiki rino kunzvimbo yeHama Burcham. Ndakaenda kufakitori kwavanogadzira chizi. Ndaona ivo nemudzimai wavo, nemwanakomana wavo nevamwe, varipo mangwanani ano. Ndakagara ndichifunga kuti fakitori yechizi yaizongofanana nedzimwe nzvimbo dzose dzandakapinda, oh, dzakaita sokusviba nehungwandangwanda. Ini zvangu, ndinogona kutaura chinhu chimwe chete, unogona kugadzikana kuti nzvimbo iyoyo haina tsvina. Ndiyo imwe yenzvimbo dzakachenesa yandati ndambopinda, kunyanya muri mufakitori. Uye handina kucherechedza; Ndakafunga, oh, zvichida vanogadzira zana remapaundi echizi pazuva. Zvino vanogadzira matani matanhatu zuva rega-rega, uye mafakitori matatu ari kushanda. Ndakafunga kuti, “O, ini zvangu, ndiani anodya chizi yese iyoyo?”

¹⁶ Asi Ishe vakaropafadza murume uyu. Ndakava nemukana wekuva mumba make, imba yakaisvonaka, mudzimai akanaka akazvipira. Zvino hapana chikonzero chavangaregedzera kuraramira Kristu zuva roga-roga, sezvavari kuita. Ndakasangana nevanakomana vake, uye ivo vana vakaisvonaka. Tinotenda zvikuru nokuda kwekuyanana kwatinako mumwe nemumwe.

¹⁷ Ndakaona kuti mufudzi wavo wekare mu—munhu wandinoziva, Hama Gurley, murume akaisvonaka wekutenda kweUnited Pentecostal, wandakasangana naye makore apfuura, Jonesboro, Arkansas. Zvino handina kuziva kuti vakanga vari. . . ndiye aiva mufudzi wavo, zvino.

¹⁸ Zvino rangarirai shumiro manheru ano. Uye zvadaro, Ishe vachitendera, Svondo inouya tinotarisira kutaura. Uye zvino ndinofunga Svondo inotevera ndinofanira kuenda kuChicago. Zvino ndichamboenda kwechinguva, ndinofanira kudzosera mhuri kumba, kudzokera, kana kudzokera kuArizona kuitira kuti ivo, vana, vapinde muchikoro zvakare. Zvino toregedza kunetsa mufudzi, nokutora shumiro dzavo.

¹⁹ Saka, saka tinotenda Hama Neville zvikuru nokuda kwekutibata zvakanaka kwavo, munoziva, kwe—kwekundikoka. Zvino ivo vakanyatsa, kwete...ndinofarira, hama, munhu akadaro, uyo asina nduru, hapana undini, chingori Chikristu chechokwadi. Ndinozvifarira.

²⁰ Zvino tichaverenga mamwe eMagwaro zvino tozotaura. Zvino handizive kuti tichabuda nenguvai, paMharidzo refu idzi, asi ndinofunga...Ndakanga ndiri kutaura rimwe zuva pamusoro pekutaura kwenguva refu, zvino mumwe munhu ndokuti, “Zvakanaka, zvino, kana imi—kana imi mukangotaura kwemaminitsi mashoma; zvino imi munotaura mune zvakaitsa sezvakavanzika, zvakadaro,” akati, “isu—isu hataigona kuzvinzwisisa.” Akati, “Chingorambai muchitaura, zvino mushure mechinguva zvinozobuda,” akadaro. Saka zvichida Mwari vanoda kuti tizviite nenzira iyoyo.

Ngatitsikitsirei zvakare.

²¹ Ishe, Shoko reNyu rakazaruka papurupiti, uye nekucherechedza kuti rimwe zuva Richavharwa kekupedzisira kwaRo, zvino Shoko richava nyama. Uye zvino ti—tinotenda nokuda kwenguva ino mangwanani ano. Zvino zarurai kwatiri, neMweya Mutsvene, izvo zviru muShoko rino ratichaverenga. Dai Mweya Mutsvene watidzidzisa nhasi zvinhu izvo zvatnofanira kuziva. Uye zvadaro dai isu, mukudzorera, tateerera kuShoko rose, nokuRinzvera zvakadzama. Uyezve dai avo vari kuteerera patepi, dai vanyatsoteerera. Uye dai takwanisa kubata izvo Mweya Mutsvene uri kuedza kutizarurira. Nokuti tinocherechedza, kana Achifanira kutizodza, zvino chizoro hachishaiwe maturo. Zvine chikonzero, kuitira kuti zvishande zvakanaka, kunaShe. Zvino dai moyo yedu nekunzwisisa kwazaruka, Ishe.

²² Dai tava nerusununguko rwekutaura, rusununguko rwekunzwa, nekukwanisa kusvika pakutenda, kuti titende zvatanzwa, pazviri kubva muShoko raMwari; kuitira kuti zvitiwanise, Hupenyu Husingaperi, muZuva guru riri kuuya. Tiropafadzei nhasi uno. Tipomere patinenge takanganisa. Tizivisei zvakaipa zvatnazvo. Uye mutiropafadzewo panzira dzakanaka, kuitira kuti tizive nzira yekufamba nayo, uye nemazvibatire munyika ino; kuitira kuti tiunze ruremekedzo, pakurarama kwedu pano, kuna Jesu Kristu, uYo akafa kuti atipe

Hupenyu munguva huru inouya. Takumbira izvi muZita raJesu. Amen.

²³ Zvino ndinoda kuverenga kubva panzvimbo mbiri kubva muMagwaro, mangwanani ano. Uye imwe yadzo inowanikwa kubva muBhuku raEksodho. Ndingangoti, dzose dziri mbiri dzinobva muBhuku raEksodho. Rimwe, chitasuko 13, uye ndima 21 ne22. Zvino rinotevera chitsauko 14, ndima 10, 11 ne 12. Zvino ndichaverenga kubva muna Eksodho 13:21.

JEHOVHA akavatungamirira masikati neshongwe yegore, yekuwaperekedza panzira; usiku... neshongwe yemoto, kuvavhenekera; kuti vafambe masikati nousiku.

Havana kubvisa shongwe yegore, pamberi pevanhu masikati, kana shongwe yemoto usiku.

²⁴ Zvino munaEksodho 14, ndima 10.

Zvino Farao akati asvika pedyo, vana veIsraeri vakasimudza meso avo, uye, tarira, vaEgipita vaivatevera; zvino vakatya kwazvo: vana veIsraeri vakachema kunaJEHOVHA.

Zvadaro zvino vakati... Mosesi, Nokuti kwakanga... (ruregerero)

Vakati kuna Mosesi, Makanga muchiti hakuna mabwiro paEgipita, mukatibvisako kuti tifire murenje here? makatiitireiko, zvatatibudisa paEgipita?

Ko harizi shoko iro ratakakuudzai paEgipita, here tichiti, Tiregei, tibatire hedu vaEgipita? Nokuti zviri nani kuti tibatire vaEgipita, pane kuti tifire murenje.

²⁵ Ndichaverenga mamwezve mavhesi.

Zvino Mosesi akati kuanhu, Regai kutya...

Zvino teererai pano.

...Mosesi akati kuanhu, Musatya henyu, mirai, mugoona dzikinuro yaJEHOVHA, yaachakuitirai... nhasi: nokuti vaEgipita vamaona nhasi, hamungazovaonazve nokusingaperi.

JEHOVHA achakurwirai, imi munofanira kunyarara henyu... JEHOVHA vakati kuna Mosesi, Unodanidzireiko kwandiri? udza vana vaIsraeri, kuti vapfuurire mberi:

Iwe simudza tsvimbo yako, utambanudziire ruoko rwako pamusoro pegungwa, uritsemure nepakati: kuti vana vaIsraeri vafambe pakaoma mukati megungwa.

Zvino ini, tarira, ndichawomesa moyo wavaEgipita, kuitira kuti vapindewo vachivatevera: ini ndizokudzwa pamusoro paFarao, nepamusoro pehondo yake yose,

nepamusoro pengoro dzake, nepamusoro pevatasvi vake vemabhiza.

Ipapo vaEgipita vachaziva kuti ndini JEHOVHA, kana ndakudzwa pamusoro paFarao, nepamusoro pengoro dzake, nepamusoro pevatasvi vake vemabhiza.

Zvino mutumwa waMwari, wakanga akatungamirira hondo yavaIsraeri, wakabvapo akaenda shure kwavo; shongwe yegore ikabva...mberi kwavo, ikandomira shure kwavo:

Ikapinda ikava pakati pemisasa yevaEgipita nemisasa yevaIsraeri;...rikava gore rerima kwavari, asi rakavhenekera pausiku kuna ava: zvokuti havana kuswederana husiku hwese.

Zvino Mosesi akatambanudza ruoko rwake pamusoro pegungwa; JEHOVHA akadzinga gungwa nemhepo ine simba yakabva kumabvazuva usiku hwese, akashandura gungwa rikaita ivhu rakaoma, mvura ikatsemuka.

Zvino vana vaIsraeri vakapinda nomukati megungwa pakaoma: mvura ikavaitira madziro kurudyi kwavo, nekuruboshwe kwavo.

VaEgipita vakavatevera, vakapinda shure kwavo mukati megungwa, namabhiza aFarao ose, nengoro dzake, nevatasvi vake vemabhiza.

Zvakaitika kuti, mangwanani JEHOVHA akatarira zasi pahondo yevaEgipita ari mushongwe yemoto ne... yegore, akavhundutsa hondo yavaEgipita.

Akabvisa mavhiri engoro dzavo, dzikatambudzika pakufamba: vaEgipita vakazoti, Ngatitize pamberi pavaIsraeri; nokuti JEHOVHA unovarwira asi anorwisa vaEgipita.

²⁶ Shoko raMwari rinoshamisira, rakaisvonaka, hapana kana nzira yekumira kuRiverenga. Rinongova Hupenyu, patinoRiverenga. Ndinofunga, mumusoro wenyaya mangwanani ano, kunyange zviru kuiswa patepi, ndinoda kutaura izvi pakutanga, zvinowana, ndinozwiwana. Uye chikonzero icho ini...Nezuro, pandanga ndichinzvera, ndokusvika pamusoro wenyaya uyu, zvino ndikafunga kuti, “Ndiri kuzongoenda, kana Ishe vachitendera, kuzotaura pamusoro pazvo, nokuti zvinondidzikamisa.” Uye ndinotarisa kuti zvinotidzikamisa tose, kuitira kuti tione, nekutiita kuti titarise kumusoro; nekunzvera zvisvishoma, kuenzanisa zuva riya rakapfuura, iro... nezuva rino.

²⁷ Ndinoda kutaura mashoko matatu semusoro wenyaya, uye ndewekuti: *Unochemei? Taura!* Mwari vakati kunaMosesi, pano mundima yechi 15, “Unochemeiko kwaNdiri? Taura kuvanhu, uti vapfuurire mberi.” Zvino: *Unochemei? Taura!*

²⁸ Zvino, tine musoro wenyaya chaiwo, uye ndichaedza kuti ndikurumidze nekukwanisa kwese, sekutungamira kweMweya Mutsvene. Zvino ndinoda kufunga nezve...nezvemusoro wenyaya uyu, waMosesi achidanidzira kuna Mwari, panguva yedambudziko; uye Mwari vachitsiura Mosesi, apo pa-paiva nedambudziko chaipo. Uye zvino hunongori hunhu, hwakada kudaro, kuti munhu adanidzire. Uye zvararo ku-kutsiurwa kwakadini kuti Mwari vatendeuke vomutsiura nokuda kwekutura izvozvo, nokuda kwekudanidzira kwaVari. Zvinoita sechinhu chakaoma.

²⁹ Kazhinji patinotarisa Magwaro, nenzira yedu yemaonero, zvinoita sezvakaoma kwazvo. Asi tikaRinzvera kwekanguva, tinoona kuti Mwari vane njere dzose vanoziva zvaVari kuita. Uye Vanoziva maitirwo ezvinhu izvi nemashandiro nemunhu. Vanoziva zviru mumunhu. Ivo, Vanomuziva. Isu hatizive. Tinongoziva bedzi divi repamafungiro edu. Ivo vanoziva chaizvo zviru mumunhu.

³⁰ Mosesi akaberekwa munyika ino, ari mukomana ane chipo. Akaberekwa kuti azova muporofita, mudzikinuri. Akaberekwa aine zvinoshandiswa zvakabarwa zviru maari, sezvinoita munhu wese anouya panyika anozvarwa aine zvinoshandiswa izvi, sekutenda kwakasimba kwandinako mu-mukufanoziva kwaMwari, kufanotemera.

³¹ “Kwete kuti Mwari anoda kuti vamwe varasike, asi kuti vose vatendeuke.” Asi, saMwari, Aifanira kuziva, uye anodaro, “kuziva magumo kubva kumavambo.” Maona? Kana Akasadaro, zvino Haasi muziva zvose; uye kana Asiri muziva zvose, Haasi Mwari. Saka akanga asingadi, zvachose, kuti pave neanoparara, asi iYe—iYe mukuziva uyo aizoparara neasingazoparara. Ndicho chikonzero, chinangwa chaicho Jesu akauya panyika, ndechekuponesa avo Mwari, kubudikidza nokufanotemera kwaVo, vakaona vaida kuponeswa, munoona, nokuti nyika yose yanga yakatukwa. Zvino handizive kuti taigona kuzvidzidzisa neimwe nzira ipi kunze kwekufanoziva kwaMwari, uye Bhaibheri rinonyatsa kutaura pachena kuti iVo “vanoziva magumo kubva pamavambo,” nokuzvireva.

³² Nokudaro, kana mu-munhu akaedza kuva chimwe chinhu chaasiri, ari kungoedza kutevedzera bedzi, munguva pfupi kana refu inotevera zvinokuwana. Zvivi zvako zvinokuwana. Haugone kuzvivanza. Pangori nechifukidzo chimwe chete chechivi, ndiro Ropa raJesu Kristu, uye haRigone kuiswa kunze kwekunge Mwari vakakudana kubva pamavambo enyika. Ndicho chikonzero Ropa rakadeurwa; kwete kuzotsikwa-tsikwa, nokuzoitwa dambe, ne-nekushorwa, ne-nekutaurwa kwezvakaipa nezvaro, ne-nezvakaadaro. Raiva nechinangwa chakananga. Ndizvozvo. Kwete kutambwa naro, kwete kuzotevedzerwa, pakuti zvivi zvakafukidzwa izvo zvisina. Zvino hapana munhu anogona kufukidzirwa zvivi zvake kunze

kwekunge zita rake riri muBhuku reHupenyu nheyo dzenyika dzisati dzavapo. Jesu akati, pachaKe, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose avo Baba,” mutauro wezvakatoitika, “vakaNdipa, vachauya kwaNdiri.” Ndizvozvo. Saka haugone kuita kuti Mashoko acho anyepe. Aripo kuitira Chokwadi uye kuti agadzirise.

³³ Zvino Mosesi akazvarwa aine chipo chekutenda; kutenda kukuru uko Mosesi aiva nako. Tinokuona, mushure mechinguva, kuchibuda maari. Uye akaberekerwa mumhuri huru, sekuziva kwedu kuti baba vake namai vake, vaibva kumhuri yaRevhi. Izvo, nyaya pano, mumashure meiyi, muBhuku ra—raEksodho, inonyatsa kutsanangura zvakaisvonaka hupenyu hwemunhu mukuru uyu. Uye aiva mumwe we—wevanhu vakurusa vemuBhaibheri, nokuti aiva mufananidzo chaiwo waIshe Jesu.

³⁴ Akaberekwa nemaberekerwo akasiyana chose, saIshe Jesu. Akaberekwa munguva yekutambudzwa, saIshe Jesu. Akaberekwa kuti azova mudzikinuri, saIshe Jesu. Akavigwa nevabereki vake, kubva kumuvengi, saIshe Jesu. Uye ndokuuya kunguva yake yokushumira, saIshe Jesu. Aiva mutungamiri, saIshe Jesu. Aiva muporofita, saIshe Jesu. Uye aiva mupi wemutemo, saIshe Jesu.

³⁵ Zvino tinoona kuti akafira paDombo, uye anofanira kunge akamuka zvakare nezvose, nokuti, kwapfuura makore mazana masere aiva akamira paGomo reKushandurwa, achitaura naIshe Jesu. Maona? Ngirozi dzakamutakura. Hakuna anoziva kwaakavigwa. Kunyange dhiyabhorosi aisazviziva izvozvo. Chaizvoizvo, handitendi kuti akambovigwa. Ndi—ndinotenda kuti Mwari vakamutakura, ndo—ndokubva afira paDombo raainge achitevera mazuva ose ehupenyu hwake.

³⁶ Zvino aiva mufananidzo wakakwana waKristu. Aiva mambo pamusoro pevanhu. Aiva mupi wemutemo. Aiva ari—aiva ari—ari muriritiri kuvanhu. Aiva zvose, mu—mumufananidzo, zvaiva waKristu.

³⁷ Zvino, nokudaro, munoona kuti akazvarwa aine zvipo zvikuru izvi nehunhu maari, zvararo zvakangotora chimwe Chinhu kuti chipenye nepamberi pazvo, kuti zviunze chinhu ichocho kuHupenyu.

³⁸ Munoona, mbeu yaMwari chaizvo inotoiswa matiri nheyo dzenyika dzisati dzavepo. Uye Chiedza pachinovhenekera mbeu iyoyo kekutanga, Chinoiunza kuHupenyu, asi Chiedza chinofanira kuuya pambeu iyi kutanga.

³⁹ Sezvandakadzidzisa kakawanda pamusoro pemudzimai mudiki patsime, iye ari muchinhano ichocho. Kunyange aiva mu—munhu ane mbiri yakaipa, kunyange hupenyu hwake—hwake hwaiva hwakaderera, zvino aiva muchinhano ichocho nekuti tsika hadzina kumbenge dzamugumha, asi, zvakadaro, Chiedza chiya pachakamuvhenekera kekutanga,

akaChicherechedza nekukurumidza, nokuti paiva nechimwe ipapo kudavira kwaChiri. “Pakadzika pakunodanira Pakadzika,” panofanira kuva nePakadzika kumwe kunhu panodavira kudanira ikoko.

⁴⁰ Zvino Mosesi pano akaberekwa muporofita uyu, asi akarerwa muchikoro chenjere nemumuzinda waFarao. Farao Seti, waaiva akudzwa pasi pake, aiva murume akanga achiine ruremekedzo, achitenda kuti Josefa aiva muporofita waMwari. Asi kwakakuya Ramesesi mushure maSeti, uye Ramesesi aisava nehanyin’a naJosefa. Zvino saka, nokudaro, ndipo pakatangira dambudziko, zvino, pakasimuka Farao aisaziva Josefa.

⁴¹ Asi hunhu uhwu hwakaisvonaka, ngatitauri pamusoro pahwo kwenguva diki, uye, tisati tasvika panhongonya yemusoro wedu wenyaya. Ndine nzira yakati siyanei yekugadzira musoro wenyaya, nekuzovaka pauri, uye dai Mwari vakatibatsira mangwanani ano patiri kuvaka pauri.

⁴² Mosesi, nokuberekwa nechipo chikuru ichi chekutenda. Zvadaro, akazodzwa nokutumwa pagwenzi raipfuta moto, kunosunungura vanhu vaMwari. Zvino, kuona hunhu hukuru hwaiva nemurume uyu! Akaberekerwa chimwe chinhu. Mwari vaiva nechinangwa mazviri.

⁴³ Mwari vane chinangwa chokuti iwe uve pano. Maona? Kana ukangogona bedzi, kusvika panzvimbo iyoyo, unozobatsira Mwari kubva padambudziko zvakadzi newewo pachako, zvakare.

⁴⁴ Mosesi akaberekwa, uye iye, mushure mazvo, akaunzwa ku—kuzvimbo yaakazodzwa. Zvino, cherechedzai, mbeu yakarara ipapo iine maonero enjere, nokutenda kwese kwekuti akaberekwa kuti azodzikinura vanhu ava, asi haina kumbobvira yambouya kuHupenyu kusvikira Chiedza kubva mugwenzi rinopfuta chavheneka pairi; kusvika aona, kwete chimwe chinhu chaakaverenga pamusoro pachoko, asi chimwe chinhu chaakaona nemeso ake; Chimwe chinhu chakataura naye, iye akataura zvakare kwaChiri. O, zvakaunza zvinhu kuHupenyu zvakadini.

⁴⁵ Ndinofunga kuti murume wese ane...kana mudzimai, mukomana kana musikana. Uye ndinofunga kuti, mumaonero enjere pamusoro pezvavanofungidzira kuti ndizvo zviri Shoko, nezvakadaro, havambokwanisa kuwana nheyo yakamira zvizere kusvikira vasangana neChiedza ichi chinounza Shoko kumazvirokwazvo.

⁴⁶ Ndinofunga kuti hapana chechi muzvitevedzwa zvayo, hazvina basa kuti ingange iri yenjere kana mitemo yakadini, kereke iyoyo haigone kurarama kusvikira cheMweya chaziviswa pakati pevanhu ivavo, vozviona. Chimwe chinhu chavanogona kutaura nacho, chinotaura zvakare kwavari, chinosisimbisa Shoko rakanyorwa iri.

⁴⁷ Zvino rangarirai, Mosesi paakasangana negwenzi rinopfuta, Shoko iroro rakasimbiswa chaizvoizvo. Raiva Shoko. Mosesi anga asingafanire kunetseka, “Inzwi iri nderei chaizvo? Chiiko Chinhu ichi pano?” Nokuti, Mwari vakanga vatonyora kare muGwaro, muna Genesi, kuti, “Vanhu vako vachagara munyika youenzi, asi vachadzoswa mushure memakore mazana mana, vachadzoka munyika ino zvakare, nokuti ku—kusarurama kwevaAmori hakusati kwazadzikiswa.” Zvino, mazana nemazana emakore zvisati zvaitika, Mwari akanga ataura kuti, “Israeri yaizogara nekubatwa nenzira yakaipa munyika yevatorwa, vaizogaramo kwemakore mazana mana. Asi Mwari, neruoko rwavo rwune simba, vaizovabuditsa.” Saka, munoono, negwenzi iri raipfuta . . .

⁴⁸ Mosesi aiziva izvi, nenjere. Uye mbeu yakaberekwa maari, yaiva irere mumoyo make. Zvino akaedza, kubudikidza neruzivo rwenjere dzake paShoko, kuedza ku—ku—kuvabuditsa, kuvadzikinura, nokuti aiziva kuti akaberekerwa chinangwa ichocho. Aizviziva, zvenguva. Magwaro ese akanga ati vainge vatovako kwemakore mazana mana.

⁴⁹ Sekungoziva kwatiinako nhasi, sekubvunzwa kwandaitwa nemumwe murume nguva shoma yapfuura, pamusoro peKuuya neKubvutwa. Tinoziva. Tararama kumagumo kwenguva, panguva apo Kubvutwa kwosvika, uye tiri kutsvaga kutenda kwekubvutwa kunokwanisa kudhonzwa Chechi pamwe chete nekuipa rimwe simba repamweya, rinogona kushandura mitumbi ino yatiri kurarama mairi. Patinoona Mwari anogona kumutsa vakafa kubva pasi kana muchivanze, nekumudzosa kuhupenyu zvakare nekumuunza mberi kwedu, patinoona Mwari anogona kutora kenza yadya munhu kusvika asara ava mumvuri vomusimudza kuva munhu akasimba mutano, zvinofanira kupa kutenda kwekubvutwa kuvanhu. Kutu, Chiedza chiya pachinovheneka kubva mudenga, hwamanda yorira, Mutumbi waKristu uchaunganidzwa pamwe chete nokukurumidza, woshandurwa kamwekamwe nokutakurwa kupinda muMatenga. Hongu, panofanira kunge paine chimwe chinhu chakadaro chinoitika. Uye zvikoro zvedu zveBhaibheri hazvimbogona kuunza izvozvo, kunyange havo panjere vakanaka. Asi unofanira kusangana neChiedza ichocho! Unofanira kuwana Chimwe chinhu ichocho.

⁵⁰ Zvino pano Mosesi, achizendamisa kudanwa kwake kukuru paShoko, uye kwaiva kukuru, kusvikira rimwe zuva akasangana neChiedza ichi, uye Shoko pachezvaRo rakataura kwaari. Zvadarwo akawana chizoro chake. Zvakazodza zvaiva nazvo maari, izvo zvaiva mukati, va—vananyanjere vaizvitenda, kutenda kwainge kwakaiswa parutendo rwake muna Mwari, kwakamupatsanura kubva kuna amai vake. Uye zvino paanorova ari muHupo hweChiedza ichi, Chakazodza izvo zvaaitenda. Maona? Kuzodzwa kwakadini! Zvino akatumwa.

51 Zvino, tinoziva, panjere akanga anzwa amai vake. Aiziva zvaizofanira kuitika, uye aiziva kuti airarama muzuva racho. Asi zvino akaona kuti aiva mukundiki, saka aigona kunge. . . kutenda kwake kunogona kunge kwakaderera zvisroma. Asi zvadaro paanouya kugwenzi, Mwari vakati, “Ndanzwa kuchema kwevanhu vaNgu, uye ndinorangarira vimbiso yaNgu kumadzibaba avo, Abrahamama, Isaka, naJakobho, zvino ndauya.” “Ini,” hapo, izwi re—rechisazita, “Ini ndadzika pasi kuzovadzikinura.”

52 Uye zvino, regai ndingowedzera izvi kana. . . Mwari vandiregererewo kana zvichiita sokumhura. “Handishande panyika, asi kubudikidza nemunhu bedzi. Ndi—Ndi—Ndini Muzambiringa; imi ndimi matavi. Uye NdinongoZvizivisa bedzi kana Ndagona kuwana munhu. Zvino ndakusarudza, uye ndiri kukutumira zasi kuti uvabuditse.” Maona? Zvino cherechedzai, “Ndichange ndiine muromo wako, uye iNi. . . iwe tora tsvimbo iyi.”

53 Zvino Mosesi akati, “Ndingawane here chinosisimbisa kuti Muchandituma, uye Mandizodza, uye Muri kuzoita zvinhu izvi?”

Zvikanzi, “Unei muruoko rwako?”

Akati, “Chimuti.”

Zvikanzi, “Chikandire pasi.” Chikashanduka kuva nyoka. Akatiza.

54 Vakati, “Inhonge.” Ndokubva yashanduka kuva chimuti zvakare. Vakati, “Isa ruoko rwako muchipfuva chako.” Ndokurwubuditsa, rwanga rwazara maperembudzi. Akarwudzoserwa, zvino rwukapora.

55 Akati, “Akaona kubwinya kwaMwari.” Pakanga pasisina mubvunzo, kuna Mosesi. Makambocherechedza here kuti, haana kuzombobvira atizira kurenje zvakare? Aiziva kuti akazodzwa. Aiziva apo, zvinhu zvose izvi zvaiva mumoyo wake, zvinhu zvose zvakanaka izvi, uye iye. . . zvakanga zvezodzwa zvino. Iye, akagadzirira. Akagadzirira kuenda. Saka akadzika zasi akananga Egipita.

56 Mwari vakanga vati, “Ndichange ndiinewe,” saka izvozvo—izvozvo zvakarungana. Kana, “Ndichange ndiinewe,” zviriiizvo zvoga Mosesi zvaafanira kuziva, pakudanwa kukuru uku kwaive mumoyo wake. Uye zvino Mwari vakati, “Ndichange ndiinewe.”

57 Zvino, Mwari zvakare vakanga vasimbisa kwake, kupupura kwa Moses. Mosesi ndokuti, “Ndakasangana naShe. Zvino Vanditudza kuti ndikuudzei, ‘NDIRI’ wandituma.” Maona?

58 Zvino vakati, “Hepano murume, mumwe muJudha, pamwe mumwe wemipengo yanga ichingouya nguva dzose nenzira dzakasiyanasiyana dzekutibuditsa muhutapwa.” Zvino munoziva zvinoita vanhu kana vari nhapwa, kana muhuranda

pane chimwe chinhu, panongogara paine imwe nzira inobata meso inouya, munoziva, kuzozviita.

⁵⁹ Saka, Mosesi, Mwari vakavimbisa Mosesi, “Ndichange ndiinewe. Ndichange ndiri maari. Mashoko aNgu achava Mashoko ako. Iwe taura Mashoko aNgu uye chingotaura zvaNdinotaura.”

⁶⁰ Uye zvino Mosesi paakadzika kuenda kunovapa kudanwa uku, akamira pamberi paFarao, ndokumuti, “Ishe Mwari wevaHebheru ati, ‘Buditsa vana kunze.’” Zvino haana kuvaregera vachienda. Saka aka—akaita chiratidzo pamberi pevatungamiri nepamberi paFarao, zviratidzo izvo Mwari vakaita. Akati, “Zvino, mangwana, panguva dzakaita sedzino, zuva richadoka. Kuchava nerima muEgipita yose,” uye zvikaitika saizvozvo chaizvo. Zvino ndokubva ati, “Kuri—kuri kuzouya nhunzi pa—panyika,” zvino akatambanudza tsvimbo yake ndokudanira nhunzi, zvino nhunzi dzikauya. Zvino akaporofita, uye zvinhu zvose zvaakaporofita zvakaitika nenzira imwe cheteyo chaiyo. Aiva Mwari. Maona?

⁶¹ Mwari vakamudana kubva pakuberekwa kwake, ndokuisa hunhu maari, hwekutenda kukuru, zvino ndokuuya zasi neHupo hwaKe ndokuzodza chinhu chikuru chiya maari, ndokumutuma zasi neShoko raVo, zvino akasimbiswa zvakakwana pane zvaaitaura. Zvisinei kuti pane nhema ngani dzakanga dzasimuka, zvinhu zvingani zvakanga zvamboitika, Mwari vakanga vachitaura kuna... Mosesi akaratidzwa. Mosesi, zvaitaurwa naMosesi, Mwari vaizviremekedza. Ndinoda kuti musambofa makakanganwa Shoko iroro. Zvakataurwa naMosesi, Mwari vakazviremekedza, nokuti Shoko raMwari raiva muna Mosesi. “Ndichava nemuromo wako; uchataura zvinhu zvakafanira.” Zvino, zvinotaurwa naMwari—zvinotaurwa naMwari, Vanozvitaura kubudikidza naMosesi, zvino zvikagutsa nokusimbisa zvaaitaura.

⁶² Zvakare, akaudzwa naamai vake, pamusoro pekuberekwa kwake kusinganzwisike, uye kuti nguva yakanga yaswedera panguva yekuti paifanira kunge paine kudzikinurwa. Amrami na-naJokebhedhi, vanakomana nemwanasikana vaRevhi, vakatanga kunamata kuna Mwari kuti vatumire mudzikinuri. Uye zvakatora...kana moona nguva yevimbiso yoswedera, zvinoina kuti vanhu vatange kunamata nekuita nzara. Uye pasina kupokana kuti—kuti Jokebhedhi akanga amuudza kakawanda, amai vake; sezvo vaiva mudzidzisi wake, zvakare, sekuziva kwatinoita nyaya yacho. Zvino akamuudza kuti akanga anamata zvakadini. “Zvino, Mosesi, pawakaberekwa, mwanakomana, waiva mwana kwaye. Waiva wakasiyana. Pane chimwe chinhu chakaitika pawakazvarwa.”

⁶³ Ndakapa mutambo pamusoro pazvo kuvana, nguva shoma yapfuura, ndokuti, “Apo Amrami aiva mumba achinamata,

akaona Ngirozi ichisvomhora munondo waYo ndokuunongedza kuChamhembe, ikati, ‘Uchava nemwana, uye achaendesa vana kuChamhembe kunyika yechipikirwa.’” Ndichipa mutambo kune vechidiki kuitira kuti vazvinzwisise; nokuti pfungwa dzavo hadzisati dzasvika pachinhano chenyu imi vakuru, chekukwanisa kubata zvinhu sekuzarurwa kwazvinoitwa neMweya Mutsvene kwamuri.

⁶⁴ Zvino, kunyange amai vake vakanga vamuudza zvinhu zvose izvi, uye achizviziva, asi zvakadaro aida kumwe kubatwa. Dzi—dzidziso yainga yakanaka, asi aida chiitiko chedungamunhu.

⁶⁵ Ndizvo zvinodiwa nenyika nhasi. Ndizvo zvinodiwa nechechi nhasi. Ndizvo zvinodiwa nemunhu wese nhasi, avo vari vanakomana nevanasikana vaMwari. Kuitira kuti muve izvozvo, unoda kuva nechiiitiko chako wega, munoono, chimwe Chinhu. Hazvina basa kuti, unoziva kuti Shoko nderechokwadi, unoziva kuti Rakarurama; asi zvadaro parinobata, zvino woona chinhu chichiitika, zvino unoziva kuti uri panzira yakafanira. Maona? Uye, tarisai, zvinogara zviru muMagwaro. Zvinonyatsa kumira neGwaro, nokuti izvi zvakadaro.

⁶⁶ Munamoto waAmrami wainge wakaenderana neGwaro. Minamoto yavo yaiva neShoko rakavimbiswa. Mwari vakavimbisa panguva iyoyo kuzviita. Vakazvinamatira, uye hepano pakaberekwa mwana akafanira. Zvino ivo . . .

⁶⁷ Tarisai! O, ndinoda izvi! Munoono, panguva iyo Farao akanga ari kuuraya vana vose, munoono, achivaisa ku—kumunondo, munondo wevatariri; ivo, vaibaya vana ava kuti vafe, nokuvapa kuti vadyiwe nemakarwe, mitumbi yavo midiki, kusvikira makarwe zvichida akafuta nemitumbi yevana vechiHebheru. Asi Bhaibheri rakataura, kuti, “Vabereki Havana kutya rairo yaFarao yokuuraya vana.” Havana. Vaisatya, nokuti vakanga vatoona chimwe chinhu mumwana uyu, kubva pakutanga. Vakazviona, kuti iyi yaiva mhinduro yemunamoto.

⁶⁸ Uye zvino Mosesi akava nezvose izvi sehwaro, saka Mosesi aiziva kuti akatumirwa chinangwa chaicho chekudzikinura vana veIsraeri.

⁶⁹ Maona, hwaro hwose hwakangoungana. Paunowana chinhu chipi zvacho, uchikwanisa kuunza Bhaibheri, richiti, “*Izvi* zviru kuzoitika,” zvino zvobva zvaitika; “uye *izvi* zviru kuzova panguva iyoyo,” hezvino zvoitika; “uye *izvi* zviru kuzoitika panguva iyo yakasanangurwa,” zvino zvoitika; zvadaro zvinoungana pamwe chete zvotidhirowera mufananidzo.

⁷⁰ O, zvakadini tabhenakeri ino mangwanani ano, kuti isu vanhu venguva ino, Hama Neville, patiri kuona vhudzi redu richichena, mapendekete edu achikombama, patiri kuona nyika ichitenderera nekutamba-tamba kwairi kuita, uye kuti tinotarisa sei tichiona vimbiso ichiswadera pedyo! Izvo, izvo . . . Ndinofunga, kakawanda, dai mumwe munhu aichirika kupinda

maIri kamwe-kamwe, otadza kuInzwisisa, kana oInzwisisa, waro, ouya maIri kamwe-kamwe, zvinotopotsa zvakupinza munaZiendanakuenda, nekungova nechinhu chekubvutwa! Wotorega kumbozviziva, uye wongo, o, wongoerekana wapinda muzvinhu zvatakaona nekuziva nekunzwisisa, uye wongopindamo kamwe-kamwe. Murume, kana mudzimai, mukomana, kana musikana, zvichida vaingosimudza maoko avo voti, “Handei, Ishe Jesu,” munoono. O, nguva yaswedera zvakadini!

⁷¹ Mosesi achiziva kuti akanga aberekerwa chinangwa ichocho, akatarisa nepamahwindo achiona vaHebheru vachitambura; ndokutarisa zvakare muGwaro muno, uye rikati, “Zvino vachagara makore mazana mana, munoono, asi ndichavabuditsa noruoko rwune simba.” Zvino paanodzoka, mushure mekutumwa, akazodzwa, nokuziva kuti akaberekwa... Zvino kutenda kwake kwakatarisa, nokutenda akaona vanhu ava akaziva kuti vaiva vana vaMwari, nokuti nyika... Shoko ra—rakataura kudaro. Vaisava venyika, uye vakanga vakasiyana nevamwe vose. Vaiva vakasiyana. Vaiva mipengo uye vasinganzwisisike, kune—kune vepamusoro vane mukurumbira vemuEgipita; uye iye aizova mwanakomana waFarao, achizitora humambo, mushure. Asi, iye, paiva nechimwe chinhu pakadzika maari, ku—kutenda kwemazvirokwazvo kwakanga kusina kutarisa pazvinhu izvozvo, mbiri yose yaizogara nhaka. Akatarisa kuvimbiso yaMwari, iye akaziva kuti nguva yaiswedera pedyo. Zvino zvingavei zvakafungwa nemurume uyu!

⁷² Ndinoda kukurukura pamusoro pazvo naye, rimwe zuva, pandinosangana naye kune rimwe divi. Unoti, “Unopenga, hama!” Kwete, handizvo. Ndiri kuzosangana naye, nyenasha dzaMwari. Hongu, changamire. Ndichataura naye, rimwe zuva, Mosesi pachake. Uye ndingazoda sei kumubvunza, kungoti, paakaona gadziriro yake!

⁷³ Pamusoro pekushungurudzwa, dhiyabhorosi achiti, “O, vanhu havasi kuzokutenda. Huh-uh. Hapana—hapana zvazvinoreva.”

⁷⁴ Asi mbeu iya payakauya kuHupenyu kumusoro uko, chimwe chinhu chakamurova, zvino akabva aziva kuti pane chimwe chinhu chaizoitika. Akaziva. Akatarisa chiringazuva chake ndokuona kuti yaiva nguvai, zvino akaziva, uye angange akafungei paaitarisa. Zvino paakabatanidza zvese izvi, chinhu chikuru chese ichi chaakaona; nguva yeGwaro, munamoto wamai vake nababa vake, uye kuti akaberekwa nemaberekerwo asinganzwisisike, mwana akasiyana. Uye, nguva yose, pakanga paine chimwe chinhu pakadzika maari.

⁷⁵ Zvino anoverevedza achiedza kufunga kuti aizitora fundo yake yekuchikoro chemauto, odzikinura vana, uye zvikaramba.

76 Zvadaro anoenda kurenje onoroora mu—musikana akanaka wechiEthiopia, ndokubva vava nekamukomana kanonzi Gershomi.

77 Zvino rimwe zuva achifudza makwai, kamwekamwe akaona gwenzi raipfuta pamusoro pegomo, richibvira. Zvino akakwidza kumusoro ikoko. Kwete zvenjere, kwete ku—kufungidzira, kwete kutsauka, kwete kuona nemeso kwakatsauka, asi maari... Hapo paiva naMwari waAbrahama, muChiedza, Shongwe yeMoto mugwenzi, Moto iwoyo, semasaisai achibuda, asi hauna kumbokanganisa gwenzi. Zvino Inzwi reGwaro, Inzwi raMwari, rakataura naimomo, ndokuti, “Ndakakusarudza. Ndiwe munhu wacho. Ndakakusimudzira chinangwa ichochi. Ndiri kuzivisa kwauri pano, nezviratidzo, uri kuenda zasi kunodzikinura vana nokuti Shoko raNgu rinofanira kuzadzikiswa.”

78 O, Shoko rake ranhasi rinofanira kuzadzikiswa. Tiri kurarama munguva yacho. Hazvinei nezvinotaurwa nemumwe munhu; Shoko rinofanira kuzadzikiswa. Matenga nenyika zvichaparara, asi kwete Shoko raKe.

79 Zvino, Mosesi paakabatanidza zvose izvi pamwe chete, ndokuona kumativi ose, zvakazodza kutenda kwake. Amen! O, ini zvangu! Ipfungwa yakadini! Ichi, pachacho, pachezvacho kuona Gwaro richinyatsa kunongedza kune zvachaiva, nekataura kwaMwari, uye umboo hwekuvapo kwacho, zvakazodza kutenda kwaiva nako maari, kuti kuende pabasa.

80 Zvinofanira kuitei kwatiri? Tinoda kuti titendeuke. Tinoda rumutsiriro. Ndiri kuzvitaureni ini pachangu. Maona? Ndinoda kuzunguzwa. Ndinoda chimwe chinhu. Ndati ndanga ndichitaura ndega mangwanani ano, kana kuti pamusoro pangu. Ndi—ndi—ndinoda ku—kuchangamutswa.

81 Zvino pandinofunga nezvehumboo hukuru huya, zvinhu zvose zvakanatsa kuwaridzwa pachena, zvino zvakazodza kutenda kwaMosesi. Uye, ini zvangu, akaona kuti hapana chiripo...

82 Pano, akatiza kubva kuEgipita, izvo, chaizvo, aigona kunge akavamba kumukira kana chimwe chinhu, uye aigona kunge— aigona kunge akasimuka ovamba kumukira muEgipita, zvino aigona kutora mauto orwa, asi, munoona, uye aiva nezviuru zvakawanda kurutivi rwake. Asi panzvimbo pekudaro, aitotyia kuita izvozvo, aine mauto kurutivi rwake.

83 Asi zvino hepano anodzoka, kwapera makore makumi mana, aine makore makumi masere okuzvarwa, nechimuti bedzi muruoko rwake. Sei? Zvanga zvichipfuta mumoyo wake zvakanga zvochinatsa kuitika. Anga akazodzwa zvino, uye aiziva kuti aiva ne ZVANZI NAJEHOVHA. Hapana chinhu chaizomumisa zvino. Hapana mauto aaida. Mwari vaiva naye. Ndzivo zvoga zvaaida; Mwari vainaye.

⁸⁴ O, kana uchiziva kuti Mwari vakutuma kuita chimwe chinhu, zvino wochiona chichifamba kuuya kumusoro ikoko, ha—hapana chinogona kutora nzvimbo yacho. Ndizvozvo.

⁸⁵ Ndinorangarira nguva idzo Mwari vakandiudza pamusoro pezvimwe zvinhu zvaizoitika, zvino ndofamba ndozviona zvirere ipapo chaipo, sei. . . O, manzwiwo akadini! Nyaya yacho yakatogadziriswa nechekare, ndizvozvo, munoono, nokuti Mwari vakadaro.

⁸⁶ Ndinorangarira, vazhinji venyu munorangarira, pamusoro pekamukomana kakamutswa kuFinland, uye kubva kuvakafa, kaiva kauraiwa nemotokari. Zvino ndakamirapo parutivi rwenzira, ndokutanga kufamba kubva pamwana iyeye, ndakatendeuka ndokucheuka. Chimwe chinhu chikaisa ruoko rwacho pabendekeke rangu, ini ndokufunga kuti ndiHama Moore, asi paisava nemunhu pedyo neni. Saka ndakacheuka, ndokubva ndazotarisa kumusoro kwegomo ndokuona. Ndikati, “Zvakanaka, ndakamboona chikomo ichi pane imwe nzvimbo, asi hatina kumbouya nenzira ino. Tauya neimwe nzira. Chikomo ichi chiripi?”

⁸⁷ Ndakatarisa ndokuona mota iya zasi ikoko, yakafonyoka; ndokuona mukomana mudiki uyu newake. . . akarara akagerwa zvakaite se bhisho, sokudana kwatingazviite kuno. Maziso akapinduka, sezvakaita aHama Way zuva riya ravakawira pasi. Uye tsoka yake diki yakabuda nemusokisi, pakanga patyokera makumbo ake. Zvino ropa raibuda mumaziso ake, nemumhino, nemunzeve. Ndokuona mudhebhe wake, mupfupi; nemabhatani ake, akasungwa, *apa* neparutivi rwechiuno chake chidiki; uye masokisi ake akakwidzwa mudenga, sezvakaita mastokononzi marefu ataipfeka makore akawanda apfuura.

⁸⁸ Zvino ndakacheuka, ndokuona chaizvo, chaizvoizvo Mweya Mutsvene wakanga wandiudza makore maviri kana kupfuura zvisati zvaitika, apo imi mose makazvinyora mumaBhaibheri enyu nyika yose, kuti zvaizoitika. O, ipapo, zvararo, nyaya yacho yakaringana. Hazvina basa kuti akafa zvakadini, hazvina basa nezvinotaurwa naani zvake; zvatopera. Anotofanira kudzoka!

⁸⁹ Ndikati, “Kana mwana uyu akasamuka kubva mukufa uku, zvino ndiri muporofita wenhema, ndiri mumiririri wenhema waMwari. Nokuti, kunyika kwandinobva, makore maviri apfuura, Vakandiudza kuti izvi zvaizoitika. Zvino ipapo vashumairi ava, navose, zvakanyorwa kumikombero yeBhaibheri redu, uye hezvino pazviri chaizvo. Zviverengei kumikombero, kuti zvaizoitika ‘munyika, ine matombo akaturikidzana, nezvakadaro, ouraiwa, uye pa. . . zvichava kurudyi kwenzira.’” Ndikati, “Hapo pazviri. Hapana chinogona kuzvimisa. Mamiriro ezvinhu akatonaka.”

⁹⁰ Kutenda kwakanga kuri mumoyo mangu kwakazodzwa. O, dai ndaigona kuzvitsanangura! Kutenda uko Mwari. . .

Kwandaiva nako munaMwari, kwakandiudza, uye hakuna kumbokundika, kukandiudza, “Mamiriro ezvinhu anaka zvino. Hepano pazviri chaizvo zvandakakuratidza makore maviri apfuura, uye hepano pazviri zvakanyatsa kuiswa muhurongwa. Chinhu chega chaunofanira kuita kutaura shoko.” Zvino kamukomana kakamuka kubva kurufu. Maona?

⁹¹ Ndanga ndiri kufunga, ndichitarisa shure kuna Hama Fred Sothmann vakagara uko, naHama Banks Wood nevamwe. Rimwe zuva, kumusoro ku—kuAlaskan Highway, kumira kwandakaita pano pachechi ndokukuudzai nezvemhuka yaitaridzika kunge nyanga dzenondo, mainchi makumi mana nemaviri, nebere rakacheneruka. Ndakanga ndisati ndamboendako, uye kuti . . . kuti ndaizowana izvi, nemaitikire azvo, uye vangani vaizova neni, nemapfekero avaizenge vakaita. Munozviziva, mumwe nemumwe wenyu, mavhiki nemavhiki zvisati zvaitika.

⁹² Uye zvino pandakaenda ikoko, ndisingazvize, hapo paiva nemhuka iyoyo. Zvino ndakaenda, uye—uye iye . . . hazvaimbogoneka. Dai muvhimi aiziva, kana ari kuteerera tepi ino, kuti haugone kufamba mberi kwemhuka, inosvetuka yotiza. Asi iyo haina kudaro.

⁹³ Zvino heinoini yakarembedzwa mumba mangu. Makarembedzwa bere remvere chena, nenzira yacho chaiyo. Uye—uye pane rhura, tepi-mezha, yekuzviratidza kureba kwadzo. Zvino nyanga inopfupika nemainchi maviri kana kupfuura, painenge ichiri nyoro pamhuka nepainenge yaoma, asi iyi haina kumbopfupika. Ichingori pamainchi makumi mana nemaviri iwayo. Maona? Hepanoini pane bere remvere chena, rakareba mafiti manomwe, zvakangonanga, zvinhu zvose zvakangoenderana sezvazvaiva, zvitoripo iye zvino.

⁹⁴ Asi murume uyu paakati kwandiri, “Zvino, honai, Hama Branham, tawana mhuka iyi yamakataura pamusoro payo, asi makandiudza kuti muchawana bere remvere chena musati masvika mujinga mechikomo, kumashure uko kune vakomana avo, uyo ane shati yegirinhi.”

⁹⁵ Ndikati, “IZVANJI NAJEHOVHA. Mwari vakataura kudaro.”

⁹⁶ “Asi, Hama Branham,” akati, “Ndiri kuona pamusoro pazvose pano, kwemamaera, hakuna chinhu. Rinobva nekupi?”

⁹⁷ Ndikati, “Hazvisi zvekuti ndiite mubvunzo. Mwari vakataura kudaro! Uye ndivo Jehovha-Jire. Vanogona kuunza bere ipapo. Vanogona kuunza rimwe apo.” Uye Vakadaro. Zvino hepano pariri. Nyaya yacho yakaringana.

⁹⁸ Zvino Mosesi paakaona kuti akasimudzirwa chinangwa ichi, akanga asangana chiso nechiso, naMwari mukuru uyu Aiva amudana, ndokumuzodza nekumuzivisa, akati, “Uku kudanwa

kwako, Mosesi. Ndiri kukutuma, uye Ndiri kuzokuratidza kubwinya kwaNgu. Zvino Ndiri pano, mugwenzi, riri kupfuta moto. Enda zasi ikoko! Ndichange ndiinewe.” Haana kutomboda kana chimuti. Aiva neShoko, Shoko rakasimbiswa, uye ndokubva aenda. Zvakazodza kutenda kwaiva maari.

⁹⁹ Uye zvinotizodza patinoona kuti tiri kurarama mumazuva ekupedzisira, tichiwana zviratidzo zvose izvi zvatinoona zvichiitika, zvakataurwa muGwaro, kuti zvaizoitika mumazuva ekupedzisira; nzira yose kubva Kudenga, kusvika kumasimba ezvematongerwo enyika, nehunhu hwevanhu, nekuora kwetsika dzenyika, uye pakati pemadzimai, uye nemaitiro avazoitika mumazuva ekupedzisira, uye maitiro aizoitwa nevarume, nemaitiro aizoitwa nemachechi, nemaitiro aizoitwa nenyika, nemaitiro aizoitwa naMwari. Zvino tinozviona zvose zvakaiswa pano patiri.

¹⁰⁰ O, zvinozodza kutenda kwedu. Zvinotibuditsa kunze kumadenderedzwa makuru. Maona? Zvi—zvinotipatsanura kubva kune zimwe zvinhu zvepanyika. Maona? Hazvina basa kuti tiri vadiki zvakadini, kana kuti tiri vashoma zvakadini, kuti tinosekwa zvakadini, kuitwa dambe, hapana zvazvinomboshandura kana napaduku. Ndizvozvo. Tinozviona. Pane chimwe chinhu chiri matiri. Takafanotemerwa kuzoona nguva ino, uye hapana chiri kuzotimisa pakuzviona. Amen! Pano Mwari vakazvita. Zva—zvakatoitika. Tinozviona. O, tinotenda Mwari zvakadini nokuda kwazvo! O, zvadaro, zvinobuditsa kutenda kwako patinoona zvinhu izvi zvichiitika pano.

¹⁰¹ Zvino, pano zvakare tinoverenga kuti, “Mosesi akakoshesa kushorwa kwaKristu kuva pfuma zhinji kupfuura hupfumi hweEgipita.” Zvino, iye akakoshesa ku—kushorwa kwaKristu.

¹⁰² Zvino rangarirai, “kushorwa kwaKristu.” Munoono, pane kushorwa pakushumira Kristu. Kana uine mukurumbira nenyika, zvino haugoni kushumira, hausi kushumira Kristu. Kwete, haugoni. Nokuti, munoono, pane kushorwa kunoenderana naKo. Nyika yakagara ichishora.

¹⁰³ Kareko, zviuru zvepakare apfuura, paiva nekushorwa kwaienderana naRo. Zvino Mosesi aizova farao, ndiye aiva farao aizotevera, mwanakomana waFarao. Uye aizova farao aitevera, achifarirwa nevanhu, asi zvakadaro iye “akazviona...” Kukoshesa zvinoreva ku—ku “yemura.” “Akayemura kushorwa kwaKristu kuva zvinhu zvikuru kupfuura zvose izvo Egipita zvayaigona kumupa.” Egipita yaiva mumaoko ake. Asi, zvakadaro, aiziva kuti kutora nzira yaKristu kwaiva kushorwa, asi aifara zvikuru kuziva kuti paiva nechimwe chinhu maari, chakaita kuti ayemure kuuya uku kwaKristu, kushorwa kwaKristu, waro, kupfuura zvikuru mbiri yose yaakanga

a—agara nhaka. Aiva nenhaka maari yaiva yakapfuura zvakanyanya izvo zvaaiwa apihwa nenhaka yekunze.

¹⁰⁴ O, dai takwanisa kuva zvakadaro nhasi, torega Mweya Mutsvene uchizodza izvo zviriri matiri, kutenda uku, kuupenyu hwehumwari, hwekuzvipira kunaKristu!

¹⁰⁵ Zvino, nekutenda kwakadai sekwaaiwa nako, akacherechedza, ndokuyemura kushorwa uku seruremekedzo.

¹⁰⁶ Nhasi, mumwe munhu anogona kuti, “Iwe, uri mumwe wevanhu ivavo, vaye?”

“Uh, uh, zvino, uh.” Unongoti nyarei nazvo.

¹⁰⁷ Asi iye akazvitora sepfuma huru kupfuura nyika yose, nokuti paiva nechimwe chinhu maari chaaigona kutaura achiti, “Hongu, ndi—ndinozviyemura izvi. Uku kuremekedzwa kukuru. Ndinofara kuva mumwe wavo.” Maona? “Ndinofara kuzviverenga semuHebheru kwete muEgipita.”

¹⁰⁸ Makristu nhasi vanofanira kutaura zvimwe chetezvo. “Ndinofara kuva Mukristu, kutiza kubva kuzvinhu zvenyika nehurongwa hwenyika. Kwete kungova nhengo yechechi, asi seMukristu akaberekwa patsva anorarama maererano neGwaro. Kunyangwe ndichidanwa, kunyange nenhengo dzechechi, kunzi ‘mupengo,’ asi ini—ini—ini ndinozviyemura kuva chinhu chikuru—chikuru kupfuura dai ndanga ndiri munhu ane mbiri hurusa muguta kana munyika. Ndingasva ndava izvozvo pane kuva Mutungamiri wenyika yeUnited States, kana—kana mambo wepasi rose. Maona? Ndi—ndinozviyemura zvikuru, nokuti Mwari mutsitsi dzaVo, nyika—nyika isati yavambwa, vakandiona, ndo—ndokuisa mbeu diki imomo, kuitira kuti kutenda kwangu kubhururuke pamusoro pezvinhu izvi zvenyika. Uye zvino Vakandidana, uye ndi—ndinocherechedza nzvimbo yangu.”

¹⁰⁹ SaPauro akati, akayemura hofisi yake zvikuru. . . munoona, uye, o, kuti Mwari vakamudana kubva pakuva mudzidzisi mukuru saGamarieri. Asi Pauro akanga adanwa kuzova chibairo chaKristu. Maona? Zvino chinhu chimwe chete.

¹¹⁰ Cherechedzai, nokutenda kwakadaro, haana kumbobvira azembera pakuona kwake, zvaaiigona kuona. Zvino, hapana chaakaona kunze ikoko kunze kweboka revanhu va—vanokanya dhaka, nhapwa, muhusungwa, vachiuraiwa mazuva ese, kurohwa nezviwepu, kuitwa dambe navo, kutenda kwavo kwekunamata, vaiva “mipengo.” Zvino paiva nafarao aiva agere pachigaro chekutonga, aisaziva kana kucherechedza chinhu chipi zvacho pamusoro pechinamoto chavo. Hapana zvaiziva nezvazvo. Aiva muhedheni, saka aingo. . . Mufananidzo wakadini wanhasi! Uye hezvo izvo, chinamoto chakasiyana. Uye kuti dai—dai Mosesi, ari muchigaro chimwe chete nemutungamiri wenyika, kana—kana muremekedzwa, Farao,

kuzitora chinzvimbo chake paanofa, uye aiva harahwa. Asi zvakadaro Mosesi akafunga kuti kudanwa uku... Akatarisa kunze uko, uye pahwindo rimwe chete iro Farao aitarisa panze naro, nokuti aiva mumba make.

¹¹¹ Zvino Farao akatarisa kunze ndokuona vanhu vava vaiva vakasimudza maoko avo, uye vaitora chiwepu vovaro va kusvika vafa nokuti vainamata. Vaivabaya nemunondo nokuti vaitotadza, kusateerera panguva ipi zvayo, vachivaita kuti vashande kusvikira mitumbi yavo midiki yawira kunze, ndokuvapa chidimbu chezvavaifanira kudya. “Zvino, hapana zvavaiva kunze kweboka revapengereki, hapana nezvehunhu hwese.”

¹¹² Asi zvakadaro Mosesi, kutenda kwaiva maari, kwakatarisa pavari, ndokubva ati, “Vanhu vakaropafadzwa vaMwari.” Amen. Ndinozvifarira izvozvo. Nekutenda kwakadaro, meso ake haana kuwira pamukurumbira hweEgipita, akawira pavimbiso yaMwari. Ziso rake rechapungu rekutenda rakaona zviriri mberi kudarika mukurumbira weEgipita. Iye, rangerirai, ari kuita chapungu zvino. Muporofita, uye ziso rake rechapungu rinosimuka pamusoro pezvinhu zvose izvozvo. O ndinozozvida zvakadini! Huh! Ini zvangu!

¹¹³ Kakawanda zvakadini nhasi uno, nhasi, Makristu anozembera panjere dzavo, dzezvavanogona kuona, kana zvanogona kunzwisisa, kunze kwekutenda kwavo, kuzembera pane zvaunoona neziso rako nezvinoyevedza. Semi madzimai, ndinogara ndichidanidzira kwamuri, pamusoro pekuti munofanira kurega vhudzi renyu richikura, hamufanire kupenda kumeso, munofanira kuzvibata semadzimai uye seMakristu. Ukatarisa kunze mumigwagwa unoona madzimai nhasi akapfeka zvinonyadzisira. Zvino, wofunga kuti, “Zvakanaka, anoenda kucheche, sei ndisingagone kuita izvozvo?” Maona? “Uye anodimbura vhudzi rake, sei—sei ndisingagone kuzviita? Zvakanaka, anoita seanotapira nekuva nenjere, uye nehunhu hwandisinawo. Asi, sei ndisingagone kudaro? Ndinofanira kuzviita.” Paunodaro, unoremadza kutenda kwako. Maona? Haupe kutenda kwako mukana wekukura. Tangira pakuri, sezvandataura.

¹¹⁴ Mumwe munhu akati, “Hama Branham, nyika, vanhu, vanokuonai semuporofita. Hamufanire kunge muchitsiura vakadzi zvakadaro, nevarume, nekuda kwezvinhu izvi. Imi, munofanira kunge muchivadzidzisa ku—kuporofita nekugamuchira zvipo.”

¹¹⁵ Ndikati, “Ko ndingava dzidzisa sei algebra ivo vasingatombosive maABC avo?” Maona?

¹¹⁶ Zvino chingotangira pana izvozvo. Zvinatse kuitira kuti paunofamba kunze mumugwagwa unoratidzika seMukristu, zvakadaro, munoona, zvino woenda uchizvibata saizvozvo.

Maona? Zvino haugone kuzviita pachako. Panofanira kuva naKristu anopinda mauri. Zvino kana mbeu iyoyo yakaradzikwa imomo, zvino Chiedza chiya choivheneka, ichazouya kuHupenyu. Kana ikasauya kuHupenyu, pakanga pasina chinhu imomo chinouya kuHupenyu. Nokuti, zvakanyatsa kuratidza pane vamwe, munoono, inouya kuHupenyu Chiedza pachinongoivheneka.

¹¹⁷ Kutsiura vakadzi, ndinozviziva, vari kuteerera tepi ino, kana vachazoiteerera. Kutsiurwa kwamuri, hanzvadzi. Zvinofanira kudaro. Zvinofanira kudaro, nokuti zvinoratidza. Handina basa nezvawakaita; unogona kunge wanga uri wezvinamato, hupenyu hwekw hwese, unogona kunge wakarama muchechi, baba vako vanogona kuva mushumairi, kana murume wako anogona kuva mushumairi; asi kana usingateereri Sho—Shoko raMwari chete, zvinoratidza kuti hamuna Hupenyu imomo. Kana uchiona chinhu ichi chichibuditswa, neHupenyu hweMweya Mutsvene, Chitarise paChinovhenekera vamwe. Tarisa zvavanoita, kana Chazviunza pavari. Hazvishamise sei . . .

¹¹⁸ Ku—kutsiura kwakadini kuvaFarise vaye, vakadana Jesu, paAigona kunzvera pfungwa dzavo, Akavadana kuti, “Bherizebhuri.”

¹¹⁹ Zvino kachipfeve kaye kakati, “Handiti, Muchinda uyu ndiMhesiya. Gwaro rakati Achazoita izvi.” Munoono, mbeu iya yakafanotemerwa yaiva ireremo. Zvino Chiedza pachakaivheneka, yakauya kuHupenyu. Haugoni kuitsimbirira pasi. Haugone kuvanza Hupenyu.

¹²⁰ Unogona kutora kongiri woidira pabutwa rehuswa, wohuuraya munguva yechando. Pfumvudza inotevera, huswa hwako hwakawanda huya huripi? Chaimo mumicheto mekongiri. Nokuti, mbeu iya ine chizenga cheupenyu pasi pedombo, zuva parinotanga kuvheneka, haugone kuimisa. Inotsvikinyidza nzira yayo naimomo yobuda pazvinoperera yobuditsa musoro wayo kukwira mukubwina kwaMwari. Munoono, haugone kuvanza hupenyu. Zuva parinovhenekera hupenyu hwezvinomera, zvinotofanira kurarama.

¹²¹ Zvino Mweya Mutsvene paunovhenekera Hupenyu hweMagwaro huri mumunhu, hunounza michero yahwo ipapo chaipo. [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Muppeti.] Maona?

¹²² Saka zvisinei kuti wakaperera nekutendeseka zvakadini, kutura kwako kuti hausi, nekureva, uchiti vari. . . Vakadzi ava vari kupfeka hembe dzakaipa idzi nezvimwe kunze uko, kusangosimira kwamazuva ese, mumugwagwa. Kunyange, usingatendi kuti ndizvo zvauri, haugone kuzviita kuti utende. Unogona kuratidza kuti hauna mhosva yehupombwe, asi, muBhuku raMwari, uri kuita hupombwe. Jesu akati, “Ani naani anotarisa mudzimai kuti amuchive, atoita hupombwe

naye mumoyo make.” Zvino iwe wazviratidza nenzira iyoyo. Maona, haugone kuzviona kunze kwekunge Hupenyu ihwoho huri imomo.

¹²³ Unotarisa mumwewo munhu, wotarisa woti, “Zvakanaka, ndinoziva Hanzvadzi Jones. Hama Jones mu...Mushumairi. Mudzimai wavo anoita *ichi* nekuita *icho*.”

¹²⁴ Handina basa kuti *icho* chinoitei; Iri ndiro Shoko. Jesu akati, “Regai shoko remunhu wese rive nhema, asi raNgu rive Chokwadi.” IBhaibheri. Uye kana Chiedza ichi chanyatsa kuivheneka, inofanira kuuya kuHupenyu. Inotongofanira kuuya kuHupenyu.

¹²⁵ Zvino, ziso guru raMosesi, ziso rake rechapungu, rakatarisa mhiri kwemafaro eEgipita.

¹²⁶ Mutendi weChikristu wechokwadi nhasi, zvisinei kuti chechi inoti kudini, kana zvinotaurwa nemumwe munhu; Chiedza ichi pachinovheneka, vanoona kusimbiswa chaiko kwaMwari, Shongwe yeMoto yakaremba apo, nezviratidzo nemashura akavimbiswa, Gwaro richiiswa pachena, uye inobva yauya kuHupenyu; zvisinei kuti idiki zvakadini, kana kuti vashoma zvakadini. Boka raMwari ragara riine vanhu vashoma. Maona? “Musatya, boka duku—duku ramakwai, kuda kwakanaka kwaBaba venyu kukupai Humambo.” Maona? Vanozvibata. Mwari vakasungirwa kuvaunza kubva kumasanganano ese, hurongwa hwese kwese-kwese, kuChiona, kana vakatemerwa kuHupenyu.

¹²⁷ Tarisai pana mutana Simioni, akatemerwa kuHupenyu. Mhesiya paakauya mutemberi, muchimiro chemwana ari mumaoko aamai vake; Simioni, shure mune imwe kamuri, achiverenga. Mweya Mutsvene wakamusimudza, nokuti akanga akamirira. Hupenyu huya hwaiva maari. Akati, “Handisi kuzofa kusvikira ndaona Kristu waShe.” Zvino hapo paiva naKristu waShe mutemberi. Mweya Mutsvene wakamutungamira kubva pabasa rake, kunze, ndokufamba achidzika naimomo ndokutakura mwana uya, akati, “Chiregai—chiregai muranda weNyu aende murugare, nokuti meso angu aona ruponeso rweNyu.”

¹²⁸ Paiva nechembere bofu mukona, yainzi Anna, aishumira Ishe masakati neusiku. Naiyewo aitura zvaizoitika, achiti, “Mesiya ari kuuya. Ndiri kuMuona achiuya.” Asi, aiva bofu. Panguva imwe cheteyo, paAivapo...KaChiedza kadiki kaye kaiva maari, kaifanotaura kuti, “Chichazovapo! Chichazovapo! Chichazovapo!” Zvadaro, Hupenyu humwe chete ihwoho, Chiedza chakapinda muchivakwa, muchimiro cheMwana, se “mwana wehupombwe,” akaputirwa mumachira aKe epajoki remombe, achiuya nemuchivakwa. Zvino Mweya Mutsvene wakabata chembere iya bofu, ndokubva auya kubudikidza neMweya, akatungamirwa nemuvanhu, ndokumira

pamusoro peMwana uyu; ndokuropafadza amai nekuropafadza Mwana, ndokutaura zvaizouya kwaAri. Munoono, kutemerwa kuHupenyu! Maona?

¹²⁹ Vatarisei, vaisatombova gumi nevaviri. Paingova nemweya misere yakaponeswa muzuva raNoa, vashomanana, asi vose vakatemerwa kuHupenyu vakauya panguva iyoyo. Munoono kushanda kunoita Mweya Mutsvene muzera rega-rega, kuunza vanhu.

¹³⁰ Zvino tinoona kuti kutenda kwaMosesi kwakamutungamirira kuti atarise zvaizovako, kwete zvaivapo. Kutarisa kune ramangwana panzvimbo yanhasi. Kutarisa pavimbiso panzvimbo yezvinoonekera. Kutarisa kuvanhu panzvimbo yesangano. Maona? Mwari vakaita izvozvo.

¹³¹ Roti aikwanisa kuona mukurumbira wekubudirira zasi kuEgipita, kana zasi kuSodhoma. Roti aigona kuona zvaikwanisika zve—zve . . . zve—zvemari yakawanda. Roti aigona kuona ku- . . . zvaikwanisika zvepaaitarisa mhiri kuSodhoma uye zvichida aigona kuva . . . Nokuti aiva muHebheru, aigona kuva munhu mukuru ikoko, nokuti aiva nyanjere mukuru, uye mwana wemunun'una waAbrahama, saka akasarudza kuenda akananga kuSodhoma. Pfungwa dzaRoti dzakamutungamira kuti aende kunoona mukurumbira we—wekubudirira. Pfungwa dzaRoti dzakamutungamira kuti aone ropafadzo re—rekubudirira. Asi, kutenda kwake kwakaremadzwa nazvo, haana kuona moto waizoparadza hupenyu hwemhando iyoyo.

¹³² Zvino ndiyo nzira iri vanhu nhasi. Vanoona mikana yekuva nhengo dzemasangano makuru, vanoona mikana yekubatanidzwa nevanhu vemuguta, asi havaone kumana . . . Havaone kuti kutenda kwavo kwaremadzwa. Regai ndizvidzokorore kuitira kuti zvisatadze kunzwisiswa. Vakadzi nhasi, ivo, sokutaura kwangu, vanoda ku—vanoda kuzvibata sevemubhaisikopo. Varume nhasi vanoda kuzvibata sevavaraidzi vepaterevhizheni.

¹³³ Vaparidzi nhasi vanoita sevanoda kuita machechi avo semakirabhu echimanjemanje eimwe mhando, hunhengo nezvakadaro. Vanoona mikana zvichida yekuva mubhishopi kana mutariri mukuru, kana zvimwe zvakadaro, kana vakawirirana nechechi; vachiramba Magwaro, iRo riri pamberi pavo chaipo, rakanyatsa kusimbiswa neSimba raMwari, uye neShoko benyu raMwari richigara muvanhu. Asi, havaRide. Vanoti, “Hatidi kubatanidzwa nechinhu chakaita saiChocho.” Zvinoita kuti varasikirwe nekadhi ravo rehunhengo. Zvinoita kuti varasikirwe nehurongwa hwavo hwesangano. Asi zvakadaro murume akatendeka, saRoti, akagara zasi muSodhoma, achiziva kuti zvakaipa. Maona? Maona? Vanoitei kana vachiita izvozvo? Vanoremadza kutenda kushoma kwavanga vainako. Hazvigone kushanda.

¹³⁴ Zvino, Mosesi akasiya izvozvo, iye ndokusiya . . . kutenda kwake kwakashaisa nyika yose simba.

¹³⁵ Zvichava kuti kutenda kwako kucharemadza mukurumbira, kana kuti mukurumbira wacho ucharemadza kutenda kwako. Zvino, uchafanira kutora chimwe chazvo. Zvino munoona kuti Bhaibheri harishanduke. Mwari havashanduke. NdiMwari vasingashanduke.

¹³⁶ Uye zvino tinoona, nhasi, kuti vanhu vezuva rino, munoona, vanotarisa kuzvinhu zvikuru, sangano guru. “Ndiri nhengo ye*Chakati nechakati*.” Maona? Zvino vanodzika zasi ikoko, uye, votarisa, hapana musiyano nevanhu vemumugwagwa. Hapana zvimwe zvinhu. Vane kamwe kanhu kepfungwa, kari kuendeka. Paunotaura pamusoro pekupodza kwaMwari, Shongwe yeMoto, Chiedza chaMwari, ivo vanoti, “Kupenga.”

¹³⁷ Mumwe murume akanhonga pikicha yeMutumwa waJehovha, rimwe zuva, mushumairi weBaptist, ndokuIseka. Munoona, ikoko—ikoko kumhura. Maona? Hapana kuregererwa pana izvozvo.

¹³⁸ Ndizvo zvakataurwa naJesu, maona. Kumhura; kana muchiRiona richiita mabasa chaiwo akaitwa naKristu. Zvino Iye akati . . . Pavakaona, mabasa aya munaKristu, Aiva Chibairo, ivo vakamudana kuti “Bherizebhuri, dhiyabhorosi,” pakuti, nokuti Aizviita. Uye zvino vanoti . . . Akati, “Ndinokuregerera nokuda kwaizvozvo. Asi Mweya Mutsvene paunouya kuzoita zvinhu zvimwe chetezvo, ukataura shoko uchipesana naWo, haumbofa wakazviregererwa, munyika ino kana nyika inouya.” Maona? Ishoko rimwe chete bedzi raunongotaura uchipesana nawo. Maona? Uye zvararo . . .

¹³⁹ Nokuti, kana Hupenyu ihwoho, kana wakatemerwa kuHupenyu Husingaperi, zvino Hupenyu ihwoho hunobukira kana ukaChiona. WaizoChicherechedza, semudzimai patsime, ne—nevamwe vose. Asi kana isipo, haigone kuuya kuHupenyu, nokuti hapana chirimo chekuuya kuHupenyu nacho. Sezvaisitaura mai vangu vakwegura, “Haugone kuwana ropa kubva mumuriwo,” nokuti hamuna ropa mauri. Zvino, ndizvo zvimwe chete.

¹⁴⁰ Zvino zvinoremadza kutenda kushoma kwauinako. Roti aigona kuona mukurumbira, asi akanga asina kutenda kwakakwana kwekuona moto waizoparadza mukurumbira wakadaro.

¹⁴¹ Hameno kana tiinako nhasi? Handizive kana isu, zvakana, sevakadzi vari kuda kuva nembiri, vanoda kuzvibata se—sevamwe vakadzi vose vemuchechi, kana vachiona kuti vanoda ku—kuzvibata sevamwe vose. Va—vanogona kuona mikana yekuva mu—mu—mudzimai akanaka pachiso zvirivane, kubudikidza nekupendwa. Vanokwanisa kuona mukadzi anoratidzika zvakana pachiso kubudikidza nekuratidzika

kuva wechidiki, nekugera vhudzi nekuita sevamwe, kana vatambi vebhaisikopo. Asi hameno kana izvozvo zvisina kuremadza kutenda kwavo, kuziva kuti Bhaibheri rinotaura kuti, “mudzimai anoita izvozvo haa-...mudzimai asina ruremekedzo,” uye, “mudzimai anopfeka hembe dzemurume, chinyangadzo pamberi paMwari,” midhebhe, nezvakadaro, nezvikabudura zvavari kupfeka. Uye—uye zvatekeshera zvekuti watova muitiro wemazuva ese wevanhu vari kuzviita. Handizive kana vasingaremadze kutenda kushoma kwawanga uinako, kunyange kwekuenda kuchechi, munoono. Ndizvo zvazvinoita.

142 Roti akazviita, zvikamuremadza, zvikaparadzisa vanhu vake zasi ikoko. Havana kugona kuzviona.

143 Asi Abrahamu, nekutenda kwa—kwakasimbiswa, babamukuru vake, haana kutarisa pamukurumbira, hapana chaaida kuita pamusoro pazvo, kunyange aifanira kurarama zvakaoma uye kurarama ari ega. Uye Sara aigara murenje uko mararamiro akanga akaoma, ivhu rakaoma. Asi Havana kuona zvinobata meso kana mikana yekuva nemukurumbira.

144 Sara, mudzimai aiva akanakisisa panyika, Bhaibheri rakadaro. Aiva akanaka, akanakisisa pavakadzi vose. Uye zvino akatogara ndokuteerera murume wake, kusvikira aimudana kuti “ishe” wake, uyo Bhaibheri rinoti, mhiri mu—muTestamente Itsva; kuti, “Uyo wamuri vanasikana vake, chero bedzi muchiteerera kutenda.” Munoono, akadana murume wake kuti “ishe” wake.

145 Zvino Ngirozi yaShe yakavashanyira mutemberi yavo... kana kuti tende ravo duku kunze uko, ndokuvaudza. Havana kumbova nemba yekugara mairi; vachirarama munyika yakaoma. Uye hezvoka kwamuri. Munoono zuva richifananidzwa zvakare, chaizvo sezvazvaiva kareko?

146 Zvino, Mosesi nekutenda kwake kukuru, zvakare, aigona kuti “kwete” kune zvinhu zvaivapo panyika yaivapo, oita sarudzo yakarurama. Akasarudza kutambura pamwe chete nevanhu vaMwari. Akasarudza kuenda nazvo. Sei? Kutenda kwake! Akaona vimbiso. Akaona nguva yekuguma. Akaona mhiri mune ramangwana, ndokuregedzera kutenda kwake. Zvino ndokubva aregedza kutarisa pane zvaionekwa nemeso ake mumikana pano, kuti aiva farao uye kuti aizova farao. Akatarisa mhiri kune ramangwana.

147 O, dai vanhu vaingokwanisa kuzviita, kusaona nyika yanhasi. Kana ukatarisa kunyika nhasi, unoita sarudzo nayo. Hwandisa meso ako kubva pana izvozvo, utarise pavimbiso yaMwari, iri mhiri kune remangwana.

148 Nekutenda kwake aikwanisa kusarudza. Akasarudza kuti anzi mwanakomana waAbrahama, ndokuramba kunzi mwanakomana waFarao. Aigodaro sei, apo ihwo humambo hwese...Egipita yaiva yakurira nyika yese. Aiva mambo

wepasi rose, uye iye aiva mujaya wemakore makumi mana okuzvarwa, hapo agadzirira kutora chigaro chekutonga. Asi haana kumbotarisa pane dzake pfu- . . .

¹⁴⁹ Tarisai kune vakadzi vangadai vakatambira muzasi make, zuva nezuva, midungwe yavo. Honai mukurumbira; kugara nekunwa hwaini, nekutarisa achiona vasina kusimira pamberi pake, pavainge vachitamba, nokumufuridzira kamhepo ne . . . Uye vakadzi kubva pasi rose, nezvinokosha nepfuma, hondo yake kunze uko. Chinhu chega chaafanira kuita kwaiva kugara nokudya chikafu chake chakanaka, oti, “Tumirai . . . tumirai bato remauto ehondo nhamba *yakati-yakati* zasi *kwakati-kwakati*, kunotapa nyika iyoyo. Ndinotenda ndiri kungoida.” Ndzivo zvega zvaafanira kuita. Kugara ipapo, ivo vachimufuridzira mhepo, nokuvhura muromo wake; orega vakadzi vasina kusimira vane runako, tsvarakadenga dzezuya iroro, vachidurura hwaini mumuromo make, vachipa kudya kwake vakamumbundira, vakadzi vose vakanakisisa panyika. Mafaro ose aivapo, waiva ari paari chaipo.

¹⁵⁰ Asi akaitei? Akatarisa kubva kwazviri. Aiziva kuti moto waivapo wakagadzirirwa izvozo. Aiziva kuti rufu rwaive rwakamirira munaizvozo. Maona? Aiziva kuti ndizvo zvazvaiva. Zvino akatarisa kuboka revanhu vakazvidzwa nekurambwa, uye nekutenda akasarudza kugamuchira kushorwa kwaKristu, ndokuzviti, “Ndiri mwanakomana waAbrahama. Handisi mwanakomana wafarao uyu. Kunyange mukandiita mubhishopi, kana mudhikoni, kana mubhishopi mukuru, kana papa, handisi mwanakomana wechinhu ichi. Ndiri mwanakomana waAbrahama, uye ndinozvipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika.” Amenii, amenii, naamenii! Nokutenda, akaita izvozo!

¹⁵¹ Akabvisa kushamisira kwese. Akabvisa mikana yokuva bhishopi waizotevera, akabvisa mi—mikana yokuva mubhishopi mukuru aizotevera, kana kuva mutariri mukuru pasarudzo yazoitevera, kana chero zvazvaiva, akazvibvisa. Akaramba kuzvitarisa.

¹⁵² “Zvino, kana ndikava bhishopi, ndichafamba ndichipinda zvino vanhu vachati, ‘Baba Vatsvene,’ kana—kana ‘Dhokotera *Nhingi-nhingi*,’ kana—kana—kana—kana ‘Mukuru *Nhingi-nhingi*.’ Kuti vachadini, vashumiri vose pamusangano, vachandibhabhadzira kumusana, voti, ‘Imiwee, vakomana, muchinda uyu ane chimwe chinhu, ndinokuudzai. O, sh-sh-sh, chinyararai, hevanoi bhishopi vouya, maona. Zvaanotaura, ndiwo mutemo. Honai, hevanoi *Nhingi-nhingi* ari kuuya.’” Vanhu vanobhururuka pamusoro penyika kuzova . . . vanoona papa, nekusvepura tsoka yake nemhete, nezvakadaro. Ko, mukana wakadini kumuKatorike, mukana wakadini kumaProtestanti, kuva bhishopi kana mutariri mukuru, kana chimwe chinhu, mumwe munhu mukuru musangano.

¹⁵³ Kutarisa, zvakadaro, asi, munoona, ziso rekutenda rinotarisa nepamusoro pazvo. Uye unoona magumo acho zasi uko, ayo, Mwari vanoti chinhu chacho chese chichaparadzwa. Kutenda, ziso riya rechapungu, rinokusimudza pamusoro paizvozvo, uyezve unoona mangwana, kwete nhasi, wosarudza kunzi mwanakomana waAbrahamu.

¹⁵⁴ Farao, asina kutenda, akaona vana vaMwari se “mipengo.” Pasina kutenda, akavaita varanda nokuti aisatya zvaaitaura. Akanga asingatye Mwari. Aifunga kuti iye aiva mwari. Aifunga kuti zvimwari zvake—zvake zvaainamata, kuti aiva bhishopi, aiva musoro wemutariri mukuru, zvimwari zvake ndizvo zvakazviita. “Hapana chiripo paChinhu *ichi*,” saka akavaita varanda. Akavaseka, ndokuita dambe navo. Sezvangoitwa nevanhu nhasi, chinhu chimwe chete chaicho.

¹⁵⁵ Kutenda kwaMosesi kwakavaona munyika yechipikirwa, vanhu vakaropafadzwa. Inogona kuva hondo yakakura kuvaunza kuvimbiso, asi Mosesi akasarudza kuenda navo. Ndinokwanisa zvakadini kudzika nazvo, asi nguva yangu iri kupera. Maona?

¹⁵⁶ Cherechedzai, chinogona kuva chinhu chakaoma kutendeutsa vanhu ava. “Unofanira kuenda kunogara navo, unofanira kuva mumwe wavo, uye vatori venjere nechekere zvekuti haugoni kuvafambisa. Waona? Asi pane chinofanira kuitika kunze uko. Panofanira kuita chemweya chinoratidzwa pamberi pavo. Chichava chinhu chakaoma. Masangano achakuramba, uye zvinhu zvose izvi zvichaitika. Zvi—zvinotyisa, zvaunofanira kuita, asi zvakadaro ita sarudzo yako.”

¹⁵⁷ “Ndiri mumwe wavo.” Hongu. Kutenda kwake kwakaita izvozvo. Kutenda kwake kwakabaka. Hongu, changamire. Akazviona. Chaiva chinhu chakaoma kuvaunza kuvimbiso iyoyo, asi akatora sarudzo yake kuenda navo, zvakadaro. Zvisinei kuti vakaitei kwaari, nekumuramba kwavakaita, akaenda zvakadaro. Aizobuda navo.

¹⁵⁸ Zvino ndinovimba kuti muri kuverenga. Zvakanaka. Enda navo, zvakadaro. Ita, iva mumwe wavo, ndizvozvo, nokuti mungava wako. Kungava kurwa kwakaoma, uye nezvakawanda zvekupfuura nemazviri, asi enda zvakadaro.

¹⁵⁹ Asi kutenda kwake kwakamutungamira kuti atore sarudzo yeShoko, uye kwete mukurumbira. Akatora Shoko. Ndizvo zvakaitwa nekutenda kwaMosesi. Kutenda pakunotarisa pane zvakaomesesa zvaMwari. . .Rangarirai, hepanoi paiva nemukurumbira zvino, nyika, yepamusorosoro, mambo wenyika yose. Uye vevimbiso yaMwari vaivepi? Mumakomba emadhaka, vakanyi vemadhaka.

¹⁶⁰ Asi kana kutenda, kutenda pakunotarisa pane zvakadereresa zvaMwari, kunozvikoshesa kuva zvikuru uye zvakakosha kupfuura zvikurusa zvingaratidzwa

nenyika. Hongu, changamire. Kutenda pakunozvitarisa, kutenda pakunokwanisa kuzviona, kana kutenda muShoko pakunoona Shoko richiratidzwa, zvinopfuura mukurumbira wose nehubhishopi hukuru nezvimwe zvose zvamunogona kutaura nezvazvo. Kutenda kunozviita. Maona? Unogona kuona zakadereresha, zvakazvidzwa, zvakarambwa, chero zvazvingava; kana zvikave pakadereresha, asi zvakadaro kutenda kunozvisimudzira nemamiriyoni emamaera kupfuura zvakanakisisa zvingagadzirwa nenyika. Amen! Ndiyo nzira yatinoimba nayo rwiyo rwuya, “Ndichatora nzira nevashoma vakarambwa vaShe.” Maona? O, ini zvangu!

¹⁶¹ Nokuti, munoona, kutenda kunoona zvinodiwa naMwari kuti zviitwe. O, ndinotarisa kuti izvi zviru kupinda. Kutenda hakutarise pane zvanhasi. Kutenda hakuone izvi zviru *pano*. Kutenda kunotarisa kune zviru kudiwa naMwari, uye kunoshanda zvakafanira. Ndizvo zvinoita kutenda. Kunoona zvinodiwa naMwari, uye nezvinodiwa naMwari kuti zviitwe, zvino kutenda kunoshanda naizvozvo.

¹⁶² Kutenda kunoona zviru kure. Hakudzikise maonero ako. Kunoramba kwakatarisa pachinangwa. Amen! Nyanzvi yese pakupfura inozviva izvozvo. Maona? Kuti, kunoona kure. I— iziso rinoona kure. I bhainokura, iro rausingatarise naro zvinhu zvapakoteredza *pano*. Haushandise mabhainokura kutarisa kuti uone kuti inguvai; munoona, haushandise ichocho. Asi unoshandisa mabhainokura kutarisa kure.

¹⁶³ Zvino kutenda kunodaro. Kutenda kunotora mabhainokura aMwari, ose ari maviri, mativi ose, Testamende Itsva ne Yakare, kwoona vimbiso yose yaAkaita. Zvino kutenda kwodziona mhiri uko, kutenda kwozvisarudza zvisinei nezviru kutaurwa nhasi *pano*. Kunotarisa kumagumo. Hakudzikise meso ako kutarisa *uku*. Kunotarisa mhiri uko. Kunochengeta chinongedzo chakananga pakati peShoko chaipo. Ndizvo zvinoitwa nekutenda. Ndiko kutenda kuri mumunhu kunoita zvinhu izvozvo.

¹⁶⁴ Zvino tarisai. Zvainzi naFarao, achidana, zvainzi naFarao *zvikuru*, Mwari vakazviti “chinyangadzo!” Farao aigona kuti, “Tarira, Mosesi, pano, handiti, ndiwe farao anotevera. Ndi— ndinopa tsvimbo yehumambo iyi kwauri kana ndabva pano. Ndichakutambidza tsvimbo iyi. Ndeyako. Maona? Zvino, izvi zvikuru. Uchava munhu mukuru, Mosesi. Ndiwe uchava bhishopi. Uri kuzova *ichi*, *icho*, kana *chimwe*. Usatisiye. Iwe gara pano.” Asi, munoona, akazviti *zvikuru*, uye Mwari vakati chaiva “chinyangadzo!”

¹⁶⁵ Zvino, imi madzimai fungai kweminiti, newewo, iwe murume. Zvinonzi nenyika *zvikuru*, Mwari vanozviti “tsvina.” Ko Bhaibheri hariti here, “Chinyangadzo kuti mudzimai apfeke hanzu yemurume”? Uye unofunga kuti wakangwara kana

uchizviita. Maona? Uri kungoratidzira nyama yechidzimai kuna dhinyabhorosi, uye ndizvo zvoga. Saka, usazviita.

¹⁶⁶ Uye imi varume munorarama nezvinhu zvenyika, mounganira nokumbundira izvi! Nemi varume musina hushingi pamusoro pekuti imi multe kuti madzimai enyu nezvinhu varege kudaro, munonyadzisa! Uye mozvidana kuti vanakomana vaMwari? Zvinoratidzika sechisodhomi kwandiri. Maona? Kwete kurwadzisa manzwiwo enyu, asi kukuudzai Chokwadi. Rudo rwunogadzirisa. Rwunogara rwuchidaro. Amai vasingatarire mwana wavo, vomugadzirisa nekumurova, nokuita kuti anzwisise, havasi amai kwavo. Ndizvozvo.

¹⁶⁷ Zvino, uye tarisai zvinoitika zvino. Mosei akaona izvi, nechiratidzo chake. Uye Farao akati, “*Izvi* zvikuru.” Mwari vakati, “Ichi chinyangadzo.” Saka Mwari. . . Mosei akasarudza zvakataurwa naMwari.

¹⁶⁸ Zvino, cherechedzai, kutenda kunoona zvinodiwa naMwari kuti uone. Maona? Kutenda kunoona zvinoonekwa naMwari.

¹⁶⁹ Zvino njere nemanzwiwo zvinoona zvinodiwa nenyika kuti uone. Cherechedzai kushandisa njere, “Sei, inongova pfungwa yemunhu. Kunongova—kunongova kufunga uko. . . Zvakanaka, *izvi* hazvina kungonaka here?” Maona? Ndizvo izvo chaizvo, paunoshandisa pfungwa idzo dzinopesana neShoko, munoona, zvino ndizvo zvinodiwa nenyika kuti uone.

¹⁷⁰ Asi kutenda hakutarise pana izvozvo. Kutenda kunotarisa pane zvakataurwa naMwari. Maona? Munoziva, unowisira pasi njere dzako.

¹⁷¹ Njere, pfungwa yako yenjere, inoona izvo zvinodiwa nenyika kuti uone, sangano huru. Zvakanaka, uri Mukristu here? “O, ndiri—ndiri muPresbyteriani, Methodisti, Rutherani, nePentekosti, chero chimwewo. Ndiri *ichi, icho*, kana *chimwe*.” Munoona, idzo, ipfungwa. “Ndiri nhengo yechechi yekutanga, munoona. O, ndiri Mukatorike. Ndiri—ndiri *ichi, icho*.” Munoona, munotaura kudaro. Zvino, idzodzo, ipfungwa. Munofarira kudaro nokuti isangano, chimwe chinhu chikuru. “Zvakanaka, isu—isu—isu tine nhengo dzakawanda, potse, kupfuura chechi ipi zvayo panyika, maona. Isu. . .”

¹⁷² Asi pangori neChechi yemazvirokwazvo imwe chete bedzi, uye hauIjoinhe. Unozvarwa maIri. Maona? Zvino kana wakabarwa maIri, Mwari mupenyu anoshanda paChake nemauri, nekuZvzivisa. Maona? Ndipo panogara Mwari, muChechi yaKe. Mwari vanoenda kuChechi mazuva ose, vanongogara muChechi. Anogara mauri. Ndiwe Chechi yaKe. Uri Chechi yaKe. Uri Tabhenakeri inogarwa naMwari mairi. Uri Chechi yaMwari mupenyu, pachako. Zvino kana Mwari mupenyu achigara mumunhu waKe mupenyu, zvino maitiro ako ndeaMwari; kana zvisizvo, zvino Mwari haasi imomo. Haangambokuita kuti uite saizvozvo, Iye achitaura muShoko

pano, mutemo waKe, “Usadaro,” zvino iwe wondoenda kunozviita. Munoono, handizvo. Pamunozviramba, zvinobva zvaratidza kuti Hupenyu hwacho hautombori mauri. Maona? Ndizvozvo.

¹⁷³ Kutenda kwakatungamira Mosesi kunzira yekuteerera. Cherechedzai, Mosesi achiita. . . Hepanoi pana Farao wechidiki, hepanoi pana Mosesi wechidiki, vose vari vaviri vaine mukana. Mosesi akaona kutambudzika kwevanhu, ndokukukoshesa kuva pfuma huru kupfuura zvose izvo Egipita yaiva nazvo. Uye iye, achitungamirwa nekutenda, akatevera izvo zvaitaurwa nekutenda kwake muShoko, ndokubva zvamutungamirira munzira yekuteerera, uye pakupedzisira muKubwinya, kusafa, kusazombofa, muHupo hwaMwari. Kuona nenjere, zvakatungamira, uye mukurumbira, wakatungamira Farao kurufu rwake, nekuparadzwa kweEgipita, nyika yake, uye haina kuzombobvira yadzoka zvakare.

¹⁷⁴ Hezvoka kwamuri. Ukatarisa *izvi*, unofa. Ukatarisa Izvo, unorarama. Zvino ita sarudzo yako. Ndicho chinhu chimwe chete icho Mwari vakaisa pamberi paAdhama naEvha, muBindu reEdheni. Maona? Nekutenda, unofanira kutora sarudzo yako.

¹⁷⁵ Zvino cherechedzai, kuona kwakatungamira Farao kurufu rwake, uye mukuparadzwa kweguta rake.

¹⁷⁶ Mosesi, nekutenda kwake, haana kumbotya Farao. Maona? Haana kuita hany'n'a nezvakataurwa naFarao. Haana kuita hany'n'a pamusoro paFarao, sekusangoita hany'n'a kwakaitwa namai nababa vake pamusoro pekutyisidzirwa kwavo. Mosesi paakasimbiswa kwaari, uye kuti ndiye munhu wacho waizodzikinura Egipita. . . kana kutungamira Israeri kubuda muEgipita, haana kumboita hany'n'a nezvakataurwa naFarao. Aisamutya. Ameni, ameni, ameni! Munoono zvandiri kureva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁷⁷ Hapana kutya mukutenda. Kutenda kunoziva pamusoro pako. Kutenda, sekutaura kwandagara ndichiita, kune mamhasuru makuru, nevhudzi pachipfuva. Kutenda kukati, “Nyarara!” zvino munhu wese anonyarara. Ndizvo zvoga. “Ndinoziva pandiri!”

Vamwe vose vanoti, “Zvakanaka, zvino, zvichida anodaro.” Maona?

¹⁷⁸ Asi unofanira kusimuka woratidza mhasuru dzako. Ndizvo zvoga. Kutenda kunozviita.

¹⁷⁹ Cherechedzai, Mosesi haana kumbobvira atya Farao mushure mekunge Mwari vasimbisa kudanwa kwake. Mosesi paakatenda kuti akadanirwa izvozvo, asi Mwari pavakamuudza kuti kumusoro uko, “Ndizvozvo,” ndokudzika akaratidza pamberi paFarao, nevamwe vavo vose, vaakatungamirwa kunozviita, Mosesi haana kumbotyiswa naFarao.

180 Cherechedzai, Farao akashandisa njere dzake panaMosesi, zvakadaro. Tarisai. Iye akati, “Rega ndikuudze, ndi—ndichaita chibvumirano newe.” Mushure mekunge matenda apedza kumudya, akati, “Ndichaita chibvumirano newe. Iwe chingoenda umbononamata zvishoma, kwemazuva matatu. Chingoenda kusvika apa, usapfuurira mberi.” Asi, unoziva, idzi. . . Ipfungwa dzaFarao dzaimuudza izvozvo, maona, “Ingofamba kusvika apo, usapfuurira mberi.”

181 Hatina mhando yakadarowo here nhasi? “Kana ukangojoinha chechi, zvakanaka.”

182 Asi, munoziva, kutenda kwaiva naMosesi kwaisatenda mune kunamata “kusvika apa.” Akati, “Tiri kuenda tose. Tiri kuenda nzira yose. Ndizvozvo. Tiri kuenda kunyika yechipikirwa. Hatingoende kunze kuno kunoita sangano, tomira. Tinoenda mberi kubuda.” Amen. “Ndiri kuenda mberi kunyika yechipikirwa. Mwari vakativimbisa.”

183 Tine vanaFarao vangani nhasi vakamira papurupiti, vatungamiri vemasangano! “Zvino, kana ukangoita *ichi* nekuita *icho*, ndizvo zvega. Zvakanaka, hona, kungosvika apa.”

Asi Mosesi akati, “O, kwete! Kwete, kwete! Kwete, kwete!” Maona?

184 Farao akati, “Zvakanaka, ko zvingarega nei? Kana uri kuzova nechinamato chemhando yakadaro, ndichakuudza zvekuita, chingoenda iwe nevakuru munonamata, maona. Iwe bedzi nevakuru endai munonamata. Nokuti, mose munogona kuva nemhando yechinamato ichocho, asi musachiunze pakati pavanhu.”

185 Munoziva zvakataurwa naMosesi? “Hapana kana nezondo richasara. Tiri kuenda nzira yose. Tiri kuenda tose! Handisi kuzoenda kunze kwekunge vaenda. Uye, chero ndichingova pano chete, ndiri pamaoko ako.” Amen. “Handisi kuzoenda kunze kwekunge ivo vachikwanisa kuendawo, uye ndizvozvo.” O, muranda akashinga zvakanadini! Amen. “Ndinoda kuenda navo. Nekungoti chete ndinawo, ndogara pasi ndoti, ‘Zvakanaka, zvino, *izvi* zvakanaka?’ Kwete, changamire. Tinoda vanhuwo, zvakare. Mumwe nemumwe wedu ari kuenda.” Amen. Akati, “Hatise kana kumbosiya hwai dzose, kana chinhu chipi zvacho, shure. Hapasi kuzova nezondo rinosara shure. Tiri kuenda tose kunyika yechipikirwa.” Amen!

186 “Mumwe nemumwe wedu! Ungave mudzimai wemumba, kana ungave mu—musikana mudiki, kana ungave chembere, kana mujaya, kana harahwa, kana chero chauri, tiri kuenda, zvakadaro. Hapana kana mumwe wedu achasara.” Amen. “Mumwe nemumwe wedu ari kuenda, uye hapana chimwe chinhu chatiri kuzomisa.” Ndizvozvo. Ini zvangu! Ivo vezvinamato vaiva mubopoto chairi ipapo, handizvo? O, ini zvangu!

¹⁸⁷ Kwete, Mosesi aisatenda mune uku kunamata kwe “kungosvika apo.” Kwete, aisatenda muna izvozvo. Huh-uh. Hongu, changamire. O, ini zvangu!

¹⁸⁸ Tinogona kugara zuva rese tiri ipapo, asi ndinofanira kuchienda kumusoro wenyaya yangu mushure mechinguva ndotanga kuparidza.

¹⁸⁹ Cherechedzai, cherechedzai izvi, zvakanaka zvakadini! O, ndinoda izvi. Munoziva, pakupedzisira, Farao akati, “Budai!” Mwari vakangomurova nematenda, kubudikidza nenzwi raMosesi. Akarova zvese. Akaita zvole zvaida kuitwa. Akamisa...akamisa zuva, masikati. Akaita zvimwe zvole. A—akaunza rima kwemazuva. Akaunza matatya, nhata, inda, nezvimwe zvole, moto, hutsi, nerufu kumhuri dzake, nezvimwe zvole. Akaita zvole kusvikira, pakupedzisira, Farao aitozotaura kuti, “Buda! Tora zvole zvaunazvo, uende.” O, ini zvangu! Mwari ngavarumbidzwe!

¹⁹⁰ Ndinofara kwazvo kuti munhu anogona chaizvo kushandira Mwari kusvikira iye, dhiyabhorosi, asisazive zvekuita naye. Ndizvozvo. Akangoteerera Mwari zvizere kusvikira dhiyabhorosi akati, “O, ini zvangu, ibva pano! Ha—handichadi kunzwa nezvazvo zvakare.” Ndizvozvo. Unogona kuzviita, zvizere.

¹⁹¹ Munoono zvino, dai—dai Mwari vasina kutsigira Mosesi, angadai akaita chiseko cheniyika. Asi Mwari vaivapo, vachisimbisa. Zvole zvaaitaura, zvaitika.

¹⁹² Zvino Farao aifanira kuchengeta chinzvimbo chake, nokuti aiva mbhishopi, munoziva, saka a—aifanira kugara ipapo. Aisagona kuramba. Aisagona kuti kwete, nokuti zvakange zviri kutoitika. Maona? Aisagona—aisagona kuzviramba, nokuti zvakanga zviri kutoitika. Saka pakupedzisira akati, “O, chingobuda! Handichadi kukunzwa zvakare. Buda muno! Tora zvole zvaunazvo, uende!” O, ini zvangu!

¹⁹³ Zvino tinoona Mosesi, pano, mushure mekunge Mwari vamuitira zvakawanda kudai, nokumuratidza zviratidzo nezvishamiso zvakawanda kudai. Zvino, kwemaminitsi gumi nemashanu anotevera, ngatiisei izvi pano. Uye nyatsotarisisai. Mosesi akasvika panzvimbo iyo iye. . .

¹⁹⁴ Mwari vakanga vati, “Ndinewe. Mashoko ako iShoko raNgu. Ndakazviratidza kwauri, Mosesi. Iwe, paive pasina nhunzi munyika, waiva usiri mwaka wacho, uye ukati, ‘Ngakuve nenhunzi,’ nhunzi dzikavapo.” Kusika. Ndiani anogona kuunza rima panyika, kunze kwaMwari? Wakati, “‘Ngakuve nerima,’ kukava nerima. Makati, ‘Ngakuve nematatya,’” uye matatya akatopinda nemumba maFarao, mumibhedha, uye pavakaaunganidza kuita mirwi. Musiki! “Uye ndakataura kubudikidza nemauro, Mosesi, uye—uye ndikaita kuti Shoko raNgu risike nemumiromo yako. Ndakatonyatsa kukuita mwari

pamberi paFarao.” Hongu, changamire. “Ndini ndakaita zvose izvi.”

195 Zvino hepano vanouya panzvimbo, muyedzo mudiki wosimuka, zvino Mosesi abva atanga kuchema, “Ndoita sei?”

196 Ndinoda kuti mucherechedze. Ichi chidzidzo chikuru pano zvino. Ndinochida, maona. Munooona, Mosesi, kana tikaverenga pano zvakanaka, kuti Mo-. . . Apo, vana pavakatanga kutya, vaona Farao achitevera shure kwavo, vari pabasa ravo.

197 Mwari vakanga vaita zvose nemazvo. Zvino Vakavapinza parwendo rwavo. Aunganidza chechi pamwe chete. Vakanga vadanwa. Vakabva kusangano rose. Vakaungana vose pamwe chete. Mosesi akanga aenda shure ikoko, ndokuti, “Ishe, ndoitei?”

198 Anogona kunge akati, “Zvakanaka, enda unoita *chakati*.” Zvakanaka, enda mberi. “Zvino, Mosesi, unoziva ndakakudanira kuti uite izvi.”

“Hongu, Ishe.”

199 “Zvakanaka, iwe enda unotaura *izvi*, uye zvichaitika,” hepano panouya nhunzi. “Taura pana *izvi*,” uye zvobva zvaitika. “Ita *ichi*,” chobva chaitika. Zvose zvaiva ZVANZI NAJEHOVHA, ZVANZI NAJEHOVHA, ZVANZI NAJEHOVHA! Zvino apinda mudambudziko. . .

200 Zvino Mwari vakati, “Zvino ndavaisa parwendo rwavo. Vose vadanirwa kunze. Chechi yose yakabatana pamwe chete, saka ndinavo parwendo rwavo. Zvino, Mosesi, vatore uyayambutse. Ndakuudza kuti udaro. Ndichambogara ndozorora kwechinguva.”

201 Mosesi akati, “O Ishe, honai zviru kuuya, Farao ouya! Vanhu vari. . . Ndoita sei? Ndoita sei?” Munooona apa, handiwo here muitiro wevanhu? Hongu, changamire. Akatanga kuchema, “Ndoita sei?”

202 Hepano tinoona Mosesi achiratidza, hunhu hwemunhu huzere, unoda kuti Mwari vagare vari mushure mako vachikusundidzira mune chimwe chinhu. Zvino, ndisu nhasi. Unoda kuti Mwari, mushure mekunge taona zvese zvataona, asi zvakadaro unoda kuti Mwari vakusandudzire kuti uite chimwe chinhu. Maona?

203 Mosesi akange azorora hake, akati, “Mwari, ndichaenda kunoKubvunzai, ndoona zvaMuchataura. Hongu, hongu, Imi zvitaurei. Zvino, zvakanaka, ndichazvitauro, zvakare.” Maona?

204 Asi pano Mwari vakanga vamugadza kuti aite basa iroro, ndokuratidza kuti Vakanga vainaye. Uye hepano paava, dambudziko ramuka, zvino akabva atanga kuchema, “Ndingaitai? Ishe, ndingaitai?”

205 Zvino munorangarira, akanga atoporofita nechekare pano, nokuti akati, “VaEgipita ava vamuri kuona nhasi, hamuchazovaona zvakare.” Uye zvichingopfuura akabva atanga kuchema, “Mwari, tingaiti?” Maona? Mushure mekunge aita basa rakanaka rekuporofita ipapo. Munoono, akanga atovaudza zvaizoitika. Kana Shoko raMwari raiva maari, Raiva maari. Uye paaizviture, zvaitika. Zvaakatura zvagara zvakanga zviri kuzoitika, uye zvino akanga odanidzira, “Ndichaita sei?”

206 O, kana vasiri havo vanhu! Kana asiri ini! Kana asiri ini! Maona?

207 Akanga atoratidza nechekare, “Zvaunotaura zvichaitika. Ndinewe.”

208 Zvino pano dambudziko rakasimuka chiriporipotyo. “Ndoitei? Ndoitei, Ishe? Nhai, Ishe, Muripiko? Nhai, Muri kundinzwa here? Ndoitei?” Zvino Vakanga vatomugadza nechekare, nokumusimbisa, ndokuratidza nokushanda zvinhu zvose kubudikidza naye. Zvino pano, “Mwari?” O, ini zvangu! Kuratidza zvizere, kuti munhu anoda kuzorora orega Mwari vachiita basa rese.

209 Uye, zvakadaro, aiziva kuti Mwari vakanga vamuzodza kuitira basa iri, kuti aite izvi, uye Mwari vakanga vasimbisa pachena zvaakatura. Yaiva nguva yekuti vanhu vadzikinurwe. Mwari, kubudikidza neminana yavo nezvishamiso, vakavaunza vose pamwe chete muboka rimwe. Muri kunditevera? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndokuvaunza vose muboka rimwe chete, ndokusimbisa zviturwa zvake. Magwaro akadaro; hepano paiva nechiratidzo, hepano paiva neumbo pano, zvose zvaakatura. Zvadaro ndokuzouya pakati pavo semuporofita. Chero, chipi zvacho chaaitaura, Mwari vaichiremekedza, kunyange kusika nekuunza nhunzi, nokusika zvinhu zvichivapo. Uye zvose zvaVakamuvimbisa, hapo Vakazviita.

210 Asi aida kumirira pane ZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Aifanira kunge akaziva kuti kusimbiswa kwekudanwa kwake chaiko kwaiva ZVANZI NAJEHOVHA. Basa rake raakatemerwa kwariri raiva ZVANZI NAJEHOVHA. Muri kuzvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”] Hum! Sei akamirira pane ZVANZI NAJEHOVHA?

211 Aida, “Ishe, ndingaiti? Hepano ndaunza vana ava kunze kuno, kusvika pano. Herino dambudziko, Farao ari kuuya. Vose vari kuzofa. Ndoitei? Ndoitei?” Hum! Hum!

212 Anga atofanotaura zvavaizoita. Akanga atotaura nechekare izvo chaizvo, zvekuita. Akafanotaura magumo enyika yacho yaakakudzwa mairi. Ndinotarisa kuti muri kunzwisisa. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? Mosesi anga atofanotaura kuti, “Hamuchazombovaona zvakare. Mwari vari kuzovaparadza. Vaita dambe nemi zvakakwana. Mwari vachavaparadza.” Akanga afanotaura zvaizoitika kwavari.

213 Zvadaro, “Ishe, ndoitei?” Munoono hunhu wevanhu apa? Maona? “Ndoitei? Ndichamirira ZVANZI NAJEHOVHA.” Hongu, changamire. “Ndichaona zvinotaurwa naShe, ndozozviita.” Huh!

214 Rangarirai, paiva naFarao akasimuka akanga asingazive Josefa, munoziva, munguva iyoyo, panguva iyoyo chaipo. Maona? Maona? Uye Mosesi akanyatsosimuka ndokufanotaura magumo enyika iyoyo.

215 Uye hepano paaiva panzvimo chaipo pazvaizoitikira, ndokubva adanidzira, “Ndoita sei, Ishe? Ndoita sei?” Maona? Haasi maitiro evanhu here? Handiwo here hunhu hwevanhu? “Ndoita sei?” Huh!

216 Akange atoporofita, nechekare. Mwari vakaremekedza zvese zvaaitaura, uye akadanirwa basa racho, saka sei aiti, “Ndoita sei?” Paiva nechikumbiro; zvaingova kwaari kuti achitaure. Mwari vaida kuti Mosesi aise chipo ichi chekutenda, chaVakanga vamupa, kuti chishande. Mwari vakanga vachisimbisa. Chaiva Chokwadi. Uye Mwari vaida kuti Mosesi, vaida kuti vanhu vaone kuti Vaiva naMosesi.

217 Zvino iye, shure uko, akamirira, ndokuti, “Zvino, Ishe, ndingori kamwana. Imi ndiudzei zvino.”

“Hongu, ndichaita *izvi*. Ndine ZVANZI NAJEHOVHA.”

“Hama, iyo iZVANZI NAJEHOVHA here?”

218 “Hongu, hongu,” Hama Mosesi, “iZVANZI NAJEHOVHA. Hongu.”

219 “Zvakanaka, tinayo zvino, ZVANZI NAJEHOVHA.” Uye zvakaitika. Haina kumbokundika kana nguva imwe chete. Haina kumbokundika.

220 Uye hezvino pazviri muzvidziviso, zvasimuka zvakare. Zvino Vamuisa parwendo. Chechi yatodanirwa kunze nechekare, ndokuvaisa parwendo, uye vari kufamba vachikwidza. Zvino Mosesi ndokutanga kudandizira, “Ishe, i ZVANZI NAJEHOVHA here? Ndoita sei?” Zvakanaka.

221 Mwari vaida kuti Mosesi ave nekutenda, kwaVakanga vaisa, muchipo chaVakanga va—vanyatsa kusimbisa. Mwari vakanga vanyatsa kuratidza kunaMosesi nevanhu kuti vaiva iVo, neShoko uye nezvinhu zvakataurwa zvikaaitika. Zvaiva zvakaraidzwa pachena. Pakanga pasina chikonzero chekuti arambe achinetsika pamusoro pazvo. Maona? Pakanga pasina chikonzero chekuti iye arambe achifunga nezvazvo, nokuti zvakange zvatozviraatidza nechekare. Akange atoita zvinhu izvi. Uye akanga atozvisimbisa kare, nenhunzi neinda, zvaakataura zvikaivapo, kuti Shoko raMwari raiva maari.

222 Saka hepano paari kuenda kunobvunza zvekuita, iro dambudziko riri pamberi pake chaipo. Maona? O, ini zvangu!

223 Ndinovimba kuti izvi zvinonyatsa kusininina matiri, uye tinokwanisa kuona patava. Maona? Hazvikuite here kuti unzwe kukura *zvakadaro*? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kufunga pamusoro paMosesi achitaura nezvekukundika kwake, zvino tarisa kwedu. Hongu. Maona?

224 Hepano paaiva, amire ipapo, munoona, aiziva kuti Magwaro akati ndiyo yaiva nguva nezuva rekuti zviitike, nekuziva kuti akanga asangana naMwari muShongwe yeMoto. Zvino Yakanyatsa kuenda pamberi pevanhu ndokuita minana iyi. Uye zvose zvaaitaura, zvakaitika, kunyange pakusika zvinhu. Kuita zvinhu izvo Mwari bedzi ndivo vanokwanisa kuzviita, kuratidza kuti inzwi rake raiva Inzwi raMwari.

225 Zvino hapo paiva nedambudziko nevanhu avo vaaisimudzira, kuvaunza kunyika yechipikirwa, uye zvino akamira, achichema, “Ndoita sei?” Maitiro emunhu aya, kungoda kuti . . .

226 SeHama Roy Slaughter, ndinofunga kuti vakagara kunze kwemusuwo uko, vakandiudza imwe nguva, pamusoro pemumwe munhu achiita chimwe chinhu kwandiri. Ini ndikati, “Zvakanaka, ndakaita *zvakati*, uye zvino zvadai.”

227 Ivo vakati, “Hama Branham, ukavarega vachizembera pabendekete renyu nhasi, zvino mangwana muchavatakura.” Uye ndiwo angori maitiro evanhu. Kuzembera pabendekete rako nhasi, uye mangwana wovatakura.

228 Ndizvozvo, ndizvo zvaitwa naMosesi. Mwari vaifanira kumutakura mushure mekunge vaMugadza nokuzviratidza kuti azviite. Zvino vanhu vaifanira kunge vakati, “Mosesi, taura shoko. Ndakakuona uchizviita *paya*. Mwari vakakuremekedza paya, uye ndiwe mumwe chete nhasi.” Ameni. Maona? “Zviite!” Ameni. Aifanira kunge akazviziva, asi haana. Zvakanaka. Sezvazvaingova kareko, ndizvo zvazviri iye zvino. Tinoona, kudaro. Saka Vakati, “Mo- . . .”

229 Mwari vanofanira kunge vakafinhwa nazvo. Mwari vanofanira kunge vakafinhikana nazvo. Vakati, “Chii chauri kuchema kwaNdiri pamusoro pachu? Handina here nechekare kuZviratidza? Handina kukuudza here kuti Ndakakutumira basa racho? Handina kukuudza here kuti uende kunoita izvi? Handina kuvimbisa here kuti Ndaizodai; kuti Ndaizova nemuromo wako, uye Ndaizotaura nemauro uye ndaizoita izvi, uye waizoratidza zviratidzo nezvishamiso? HaNdina kuvimbisa kuzviita here? Handina kuita izvozvo chaizvo here, nekuparadza muvengi wose akakupoterredzai? Hezvino pamuri makamira kunze kuno zvino, paGungwa Dzvuku, panzvimbo yebasa, zvaNdakakuudza kuti uite, zvadaro woramba uchidanidzira nekuchema kwaNdiri. HauNditendi here? Hauone here kuti ndakutuma kuti uite izvi?” O, kana asiri maitiro evanhu! Ini zvangu! Saka Vanogona kunge vakafinhikana nazvo.

²³⁰ Zvino Vakati, “Unoziva kuti unozvida. Unozviziva kana uri kuzoendesana vana ava kunyika yechipikirwa. Ndizvozvo chaizvo. Waiswa pakamanikana zvino. Hapana chimwe chinhu chaunogona kuita. Saka pane chishuwo. Chii chauri kuNdichemera nezvacho? Chii chauri kutarisira kwaNdiri? Chii chauri kudanidzira kwaNdiri? HaNdina here kuzviratidza kuvanhu? HaNdina here kuzviratidza kwauri? HaNdina kuzvidana here? Hazvisi muMagwaro here? HaNdina here kuvimbisa kuendesana vanhu ava kunyika iyoyo? HaNdina kukudana here nekutaura kuti Ndaizozviita? HaNdina kudana here ndikati ndakakutuma kuti uzviite, kuti akanga asiri iwe, asi Ndini? Uye Ndaizoenda uye ndigozova nemiromo yako, nechero zwaitaura, ndaizvisimbisa nekuzviratidza. HaNdina kuzviita here?”

²³¹ “Zvino, kana chinhu chipi zvacho chidiki chikaitika, sei uchiita semucheche? Unofanira kuva murume. Taura kuvanhu,” amen, “zvino woenda mberi!” Amen. Hezvo kwamuri. “Usacheme. Taura!” Amen. O, ndinozvizifirira izvo. “Chii chauri kuchenema kwaNdiri pamusoro pachu? Chingotaura kuvanhu uenderere mberi kune zvakawanangana nazvo. Chero zvachiri, kungave kurwara, kana chero zvachiri, kumutsa vakafa, kana chero zvachiri, taura! Ndakazviratidza. Taura kuvanhu.”

²³² Chidzidzo chakadini! Chidzidzo chakadini, oh, ini zvangu, panhano ino yerwendo yatakamira pairi. Honai patiri zvino, hongu, changamire, paKudhonza kweChitatu. Cherechedzai, tiri pano chaipo pamukova, weKuuya kwaShe.

²³³ Akazodzerwa basa racho, asi achakamirira ZVANZI NAJEHOVHA. Mwari vanofanira kunge vakafinhikana nazvo. Vakati, “Usachema zvakare. Taura! Ndakakutuma.”

²³⁴ O Mwari, zvinofanira kunge zvakaita Chechi ino mangwanani ano! Nekusimbisa kwakakwana kwaMwari, neShongwe yeMoto nezviratidzo nezvishamiso, zvose sezvazvaiva mumazuva eSodhoma. Vakati zvaizodzoka.

²³⁵ Heino nyika muchinhano chayo. Herino rudzi muchinhano charwo. Havo vakadzi muchinhano ichocho. Heuno murume muchinhano ichocho. Heyo chechi muchinhano ichocho. Hezvo zvose. Zvinhu, zviratidzo, zvinobhururuka nezvinhu zvose zviri muchadenga, nemhando dzose dzezvinhu zvisinganzwisike, uye gungwa richiita ruzha, mafingufingu, moyo yevanhu ichineta, kutya, kudzungaira kwenguva, kusawirirana pakati pendudzi, chechi ichiwa.

²³⁶ Nemunhu wekutadza achisimuka, anozvisimudzira pamusoro pavose; uyo anonzi Mwari, uyo agere mutemberi yaMwari, achizviratidza, o, ini zvangu, uye akauya kunyika ino. Zvino chechi yaita sangano, uye vose vaungana pamwe chete, sepfambi kumhombwe, uye zvinhu zvose zvave munzira yehupombwe.

237 Hupombwe, chii ichocho? Kuudza vakadzi kuti vanogona kugera vhudzi ravo, kuudza vakadzi kuti vanogona kupfeka zvikabudura, kuudza varume kuti vanogona kuita *ichi* uye vanogona kuita *icho*; nevaparidzi, vanoita *izvi*, nevhangeri regutsaruzhinji. Hamuone here, kuti kuita hupombwe neShoko raMwari rechokwadi!

238 Zvino Mwari vakatumira Shoko raVo rechokwadi, risina sangano, risina zvakabatanidzwa paRiri, ndokutipa Shongwe yeMoto, Mweya Mutsvene wava pakati pedu kwemakore makumi matatu zvino. Uye zvinhu zvose zvaAkafanotaura, zvakanyatsa kuitika nenzira chaiyo yaAkazviita.

239 Taura kuvanhu, uye toenda mberi. Amen. Tine chinangwa, kunova Kubwinya. Ngatiendei kwaKuri. Takananga kuNyika yechipikirwa. “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.” “Taura kuvanhu. Handina kuzviratidza here. Handina here kunyange kuita kuti mufananidzo waNgu ugadzirwe pakati penyu, nezvimwe zvose, nokuita zvose zvaikwanisa kuitwa, kuratidza kuti Ndinemi? Mamagazini haana here, mavhiki mashoma apfuura, kunyora nyaya yacho, pawakataura papurupiti kuti zvaizoitika kunze uko, uye mwedzi mitatu zvisati zvaitika, uye hezvo zvakaitika nokusimbisa? Kunyange sainzi inoziva pamusoro pazvo. Zvino nezvose zvandakaita, asi muchakamirira. Taura kuvanhu muende mberi kune donzvo renyu.” Amen.

240 Natani haana here kuudza Dhavhidhi? Natanaeri, muporofita, imwe nguva agere, achiona Dhavhidhi mambo akazodwa, akati, “Ita zvose zviru mumoyo mako, nokuti Mwari vanewe.” Akaudza Dhavhidhi, “Ita zvose zviru mumoyo mako. Mwari vanewe.”

241 Joshua akazodzwa kuti atore nyika kupa kuna Mwari nevanhu vake. Zuva raiva pfupi. Aida kuwedzerwa nguva kuitira basa raakanga azodzwa nekutumwa kuti aite. Joshua, murume, akazodzwa. Mwari vakamuudza, “Sezvandaiva naMosesi, Ndichava newe.” Amen. “Nyika iyoyo, ndiri kuzoipa kwavari. Zvino ndinoda kuti uendeko unoparadza vaAmareki, ne—nevaHit—. . . Vamwe vose—vose, vaFiristia ne—nevaPerezi, nevamwe vose vakasiyanasiyana, vaparadze. Ndinewe. Ndicha. . . Hapana munhu achamira mberi kwako, mazuva ese ehupenyu hwako. Hapana munhu anogona kukunetsa. Enda upindemo.”

Zvino Joshua akasvomhora munondo wake ndokuti, “Nditeverei!”

242 Zvino akasvikako, uye hepano airwa. Uye chaiva chii? Akapatsanura muvengi. Paiva netumapoka *apa* netumapoka *apo*. Usiku pahwaizouya, vaizoungana vose pamwe chete vobatana pamwe chete, vouya kuzomurwisa nesimba guru. Zvino zuva rakanga rodzika. Aida kuwedzerwa chiedza. Zuva

rakanga rovira. Haana kuwira pamabvi ake ndokuti, “Ishe Mwari, ndoitei? Ndoita sei?” Akataura! Aiva nechishuwo. Akati, “Zuva, mira!” Hapana chaakachemera kwachiri. Akaraira, “Zuva, mira! Ndiri kuda izvi. Ndiri muranda waShe, akazodzerwa basa iri, zvino ndine chishuwo. Mira ipapo, uye usapenye. . . Uye, mwedzi, iwe ramba uri pauri,” kusvikira arwa hondo yese ndokuwisira zvose pasi. Zuva rikamuteerera.

²⁴³ Hapana kuchema. Akataura kuzuva, ndokuti, “Iwe mira. Zuva, mira ipapo! Uye, mwedzi, ramba uri pauri.” Haana kumbochema achidanidzira kuti, “Ishe, zvino ndingaita sei? Ndipeiwo chimwe chiedza chezuva.” Aida chiedza chezuva, saka akachiraira, zuva rikamuteerera. O, ini zvangu! Akaraira zuva kuti rimire.

²⁴⁴ Samson, akazodzwa, ndokusimudzwa, akagadzwa naMwari, akapihwa chipo chesimba, aiva akagadzwa kuti aparadze rudzi rwevaFiristia. Akagadzwa, akaberekwa panyika, akazodzwa naMwari, kuparadza vaFiristia. Zvino rimwe zuva vakamuwana ari kunze mumunda, asina munondo wake, asina pfumo. Zvino chiuru chavaFiristia vane zvombo chakamvinga panguva imwe chete. Akapfugama here akati, “O Ishe, ndakamirira chiratidzo? O Ishe, ndoitei? Nditungamirei pane zvekuita zvino?” Aiziva kuti aiva nechishuwo. Hapana chaakawana kunze kweshaya tsaru renyurusi, ndokurovera pasi vaFiristia chiuru. Amen!

²⁴⁵ Haana kumbochema kunaMwari. Akashandisa chipo chake chakazodzwa. Aiziva kuti akatumirwa basa racho. Aiziva kuti ndizvo zvaakaberekerwa. Aiziva kuti akazodzwa nechipo, uye akakunda chiuru chevaFiristia. Haana kumbochema kuna Mwari. Mwari vakanga vatomugadza nokusimbisa zvaaiwa, kubudikidza nezvimwe zvinhu zvaakanga aita. Zvino aiva muranda waMwari akasimbiswa, nokuzodzwa, kuti aparadze vaFiristia, uye akazviita. Zvisinei nezvaiva zvakaita mamiriro ezvinhu, akazviita. Hapana chaakakumbira. Ndiri raiva basa rake. Iro, Mwari vaishanda nemaari; ndokunhonga bvupa renyurusi iri ndokuenda kunorova vaFiristia. Zvingange. . .

²⁴⁶ Zvino, kurova kamwe chete naro, pane imwe yemisoro iyi yendarira yeinchi nehafu, yaigona kunge yakatyora-tyora bhonzo iri mumiriyoni yezvidimbu. Asi akarova chiuru chavo, ndokuva uraya, uye akangoramba ainaro muruoko rwake.

²⁴⁷ Haana kumbobvunza mibvunzo. Haana kumbodanidzira. Akataura. Akavakunda. O, ini zvangu! “Kutora vaFiristia, ndingatore vaFiristia here, Ishe? Ndi—ndinoziva kuti Makandituma kuti ndizviite, Ishe. Hongu, Ishe, ndinoziva kuti Makandituma kuti ndiparadze rudzi urwu rwevaFiristia. Hezvino pano, chiuru chavo chandipoteredza, uye hapana chandiinacho. Chii, chandichaita zvino, Ishe?” O, ini zvangu! Hapana chiri kuzomunetsa. Akazodzerwa basa iroro. Hapana chinogona kukukuvadza. Kwete, hapana kana chinhu chimwe.

Hareruya! Akangatora chaaiva nacho kuti avarove nacho. Ndizvozvo.

²⁴⁸ Muvengi paakamukomberedza, akati, “Zvino tamuwana akakombwa nemadziro, tamuwana zvino. Tamuwana mukati umu nemudzimai uyu. Zvino tavhara musuwo, nekweise kwakapoteredza, uye haagoni kubuda. Tamuwana.”

²⁴⁹ Samsoni haana kudandzira, “O Ishe, vandikomberedza zvino pamwe nesangano iri.” Huh! “Uh, ko ndiri kuzodini? Ndabatana navo. Ndiri kuzoita sei?” Haana kumbodaro.

²⁵⁰ Akangofamba achibuda, ndokudzura suwo, akariisa pamapendekete ake, ndokufamba achienda naro. Amen! Aiva akazoderwa basa racho. Aiva akadanwa naMwari. Havana kumbomuvharira mukati. Kwete, haisva! Akaenda akatakura masuwo. Haana kumbonamata pamusoro pazvo. Haana kumbobvunza Mwari kuti azviite here kana kwete. Zvaiva chaizvo zvaienderana nebasa rake. Amen, amen, amen! Mumutsara webasa chaimo. “Unochemerei kwaNdiri? Taura, uende mberi!” Amen! “Usacheme. Taura!” Akanga Amira zvekuchema nekuungudza. Aifanira kunge asamhuka zvekukwanisa kutaura. Ndizvozvo. Aiziva kuti chipo chake chakazodzwa chesimba chaigona kuparadza muFiristia wese aimira pamberi pake. Amen.

²⁵¹ Asi hatizvize izvozvo, maona. Tichiri tusvava, tiine bhotoro mumuromo medu.

²⁵² Aizvize, aiziva kuti Mwari vakanga vamusimudzira chinangwa ichocho, uye hapana chaizomira pamberi pake, mazuva ese ehupenyu hwake. Hapana chaigona kumuparadza. Akasimudzirwa chinangwa ichocho, sezvaiva Mosesi. Hapana chaizomumisa. Hapana maAmareki kana chimwe chinhu chaigona kumumisa. Ari munzira kuenda kunyika yechipikirwa. Samsoni aiziva kuti aiva munzira.

²⁵³ Joshua aiziva kuti aitara nyika. Akasimbiswa. Shoko raMwari rakazvivimbisa, uye Mweya Mutsvene waivapo uchizvisimbisa.

²⁵⁴ Aiva munzira yake, saka hapana chaizomira munzira yake. Kwete, changamire. Mumutsara webasa chaimo, naMwari, hapana chaizomira munzira yake. Saka akangonhonga masuwo akaaisa pabendekete rake, airema zvingaita matani mana kana mashanu, ndokufamba achikwira pamusoro pechikomo ndokuagarira. Hapana chaizomira munzira yake. Aiva nechipo chakazodzwa kubva kunaMwari. Aisada kumbochema, “Ishe, ndoitei zvino?” Aiva akatozodzwa kare kuti azviite. Ndiyo yaiva ZVANJI NAJEHOVHA, “Vaparadze!” Hareruya! “Vaparadze! Ndakakusimudzira chinangwa ichocho.” Amen.

²⁵⁵ “Ndoitei, Ishe? Uh, ndiri kuzoita sei pano paGungwa Dzvuku?”

256 “Handina kukuudza here kuti ndakakupa gomo sechiratidzo kunze kuno? Wawe kudzoka kugomo racho, uye uri kutungamira vana ava kunyika. Handina kukudanira chinangwa ichocho here? Ko uri kunetseka sei nechimwewo chinhu chamira munzira? Taura, utange kufamba!” Ameni naameni! “Hongu, ndakakudanira chinangwa ichochi.”

257 Dhavhidhi, aiziva kuti akazodzwa, uye akasimbiswa kuva mupfuri anonanga. Aiziva kuti vaiziva kuti aigona kupfura. Dhavhidhi aiva akazodzwa. Aizviziva. Uye paakamira pamberi paGoriati, haana kumbodanidzira kuti, “O Mwari, ndoita sei zvino? Mirai, ndo—ndo. . . Ndinoziva zvaMakaita munguva dzapfura. Imi, Makandiita kuti ndiuraye bere, Mukanditendera kuti ndiuraye shumba. Ko zvino Goriati uyu kunze uko?” Huh! Haana kumbodaro. Akangotaura. Akataura kuti chii? “Uchava sezvavakaita, mumeso avo.” Akataura ndokuenda mberi.

258 Haana kumbonamata munamato. Haana kumbopa mupiro. Aiziva kuti akazodzwa. Ameni. Aiva akazodzwa, uye chimvii ichocho chakararatidza kuva chinhu chacho chakafanira. Aiva nekutenda mukuzodzwa kwake. Aiva nekutenda kuti Mwari vaikwanisa kutungamira dombo iri pakati penguwani iyoyo, paiva poga paikwanisa kurohwa. Aiva akamirapo.

259 Aiziva kuti aiva nyanzvi pakupfura zvakananga. Ameni. Aiziva kuti Mwari vakamuita kudaro. Ameni. Aiziva kuti akauraya shumba, aiziva kuti akanga auraya bere, asi yaiva nhaka yababa vake vepanyika. Heino nhaka yaBaba vake voKudenga! Ameni. Haana kupfugama, “Ndinofanira. . . Ndoita sei zvino, Ishe?” Akataura akati, “Uchava seshumba nebere, uye hezvino ndouya.” Ameni! Kubwinya kunaMwari! Hongu, changamire. Akataura ndokuenda mberi kunosangana naGoriati uyu. O, ini zvangu!

260 Zvisinei nekukura kwacho! Aiva muchinda mudiki, akatsvuka, munoziva. Aisava muhombe. Akanga asina kunaka pachiso, akaita sekamuchinda kakaurungana. Bhaibheri rinoti aiva akatsvuka. Zvino, zvisinei nekukura kwemumhu wake nekwatingati kukwanisa kwake kudaro.

261 Munoziva, mu—mubhishopi akamutaurira, akati, “Zvino tarisa kuno, mwanakomana, munhu uyo mudzidzi weBhaibheri. Waona, murwi. Akaberekwa ari murwi uye iye. . . Agara ari murwi, kubvira pahudiki hwake; zvino haugoni kumukunda.” Uye vakoma vake vakati, “O, iwe une musikanzwa. Kuuya kuno kuzoitira chinhu chakadararo, dzokera kumba.”

262 Izvozvo hazvina kumunetsa. Sei? Aiziva kuti aiva akazodzwa. “Mwari vakandidzikunura kubva kushumba, Mwari vakandidzikinura kubva kutsoka dzebere, Vachapfuirira izvozvo, pakundidzikinura kubva kumuFiristia uyo. Hezvino ndouya. Ndinosangana newe neMuzita raIshe Mwari waIsraeri.” Ameni. Haana kumbozvinamatira; aiva akatonamata nechekare.

Mwari vakamunamatira nheyo dzenyika dzisati dzvavapo. Aiva akazodzerwa basa racho. Aifanira kutaura oenda mberi. Ndzivo zvega zvaifanira kuitwa pamusoro pazvo, chingotaura uende mberi. O, ndzivo zvoga zvaidiwa. O! Haana kumbo . . .

²⁶³ Pamusoro pevakoma vake vemasangano, nevanyombi vakamira uko, zvakare, munoziva. O, hongu. Vaiva vakamira ipapo vachitaura, vachinyomba nekuita dambe, uye vachiti. . . Vakoma vake, munoziva, ndokuti, “Ah, ah, ah, haugoni. Iwe, unongova nemusikanzwa.” Hazvina kumbomuzunguza kana nepaduku. “Unoda kusiyana nemumwe munhu. Unongoda kushamisira.” Dai kwaiva kushamisira, kwaiva kudaro. Asi vakangotarisa kurutivi rwenjere.

²⁶⁴ Dhavhidhi aiziva kuti mafuta ekuzodza aiva paari. Amen. Hazvina kumboita musiyano kwaari. Akati, “muFiristia uyu achaita sebere neshumba, saka hezvino ndava kuuya.” Akafanozvitaura zvisati zvaitika. Akaitei? Akauraya bere. Akauraya shumba. Akawisira shumba pasi ne. . .Nechii? Nechi—nechimvii, ndokutora banga, ndokuzodaro kubere. Shumba, akauraya shumba nebanga. Ndicho chinhu chimwe chete chaakaita kuna Goriat. Akamuwisira pasi nedombo, ndokusvomhora munondo wake, ndokudimbura musoro wake iye, ipapo pamberi pawo. Chii chaakafanotaura chisati chaitika? “Uye uchava chaizvoizvo sezvadzakaita.” Sei? Akataura shoko raizoitika, ndokuenda mberi kuti rive rinozadzikiswa. Amen. O, hama! Akataura, ndokuisa mamiriro ezvinhu pazuva iroto pasi pake.

²⁶⁵ Kana paine nguva iyo munhu anofanira kutaura, ndeiye zvino. Kupedza, mumanitsi mashoma anotevera kana mukangotsungirira kwemamwe maminitisi. Ndine zvimwe zvinhu zvandakanyora pasi pano, mamwe Magwaro andinoda kusvika paari.

²⁶⁶ Petro haana kumbobvira achema, paakaona murume aiva nekutenda kwakakwana kwekuti apodzwe, akarara pasuwo Rakanaka. Haana kumbopfugama ndokuva nemunamato wehusiku hwese, uye, kana munamato wezuva rese, munamato mukuru, wakareba, ndokuti, “Ishe, ndinonamata kwaMuri zvino kuti Mubatsire murume uyu mhetamakumbo anonzwise urombo. Ndinoona kuti ane kutenda. Ndinoziva kuti mutendi. Uye ndamubvunza, uye iye—iye. . .Ini—ini—ini. . . Ataura kuti ane kutenda, aizotenda zvandamuudza. Zvino ndamuudza pamusoro pe. . .pamusoro pezvaMakaita, uye ndi—ndinongofunga zvino, Ishe, kuti—kuti. . .Mungandipewo here ZVANZI NAJEHOVHA kwaari?”

²⁶⁷ Kwete, aiziva kuti akazodzwa kuva muapostora. Aiziva kuti Jesu Kristu vakamutuma. “Podzai varwere, mutsai vakafa, chenesai vane maperembudzi, dzingai madhimoni. Sekungopiwa kwamakaitwa pachena, ipaiwo pachena.” Akati,

“Petro, enda unoita izvozvo!” Haaifanira kumbozvinamatira. Aiva akatumwa.

268 Akati kudini? Akati, “NemuZita raJesu Kristu!” Akataura Zita raJesu Kristu, murume uya akaramba akararapo. Ndokubva amusimudza neruoko, ndokuti, “Simuka netsoka dzako!” Akaramba akamubata kusvikira zvitsitsinho zvake zvawana simba, ndokubva atanga kufamba. Sei? Haana kumbobvira aita munamato weusiku hwese. Haana kumbochema kunaMwari. Aiziva zvakana, kubva pamiromo yaJesu Kristu, aiva akazodzwa kuita basa iri. Hongu. Akataura ndokumusimudza, nokuti aiziva kuti akazodzwa kuva muapostora nechinangwa ichocho.

269 Vanhu vakagara mumumvuri wake havana kumboti, “O, huya, muapostora Petro, uye ucheme patiri, wotinamatira munamato wekutenda, kunaMwari.” Kwete, kwete, havana kumbodaro. Vaiziva kuti aiva muapostora akazodzwa akasimbiswa waMwari. Saka vakati, “Chingoregai tivata mumumvuri wake. Haufanire kutaura kunyange shoko rimwe chete. Tinozviziva. Tinozvitenda.” Hupenyu mavari! Muapostora aisakwanisa kusvika kwavari vose. Uye ivo, pachavo, chikamu chazvo.

270 Mosesi akati, “Handisi ini ndega ndiri kuenda. Tiri kuenda tese.” Tose tine chokuita. Tose tinofanirwa kuzodzwa.

271 Zvino vainge vaona muapostora akamira ipapo, vakamuona achipodza murume airwara nokuita zvaakaita. Vakaziva kuti haaikwanisa kusvika kwavari. Ndokuti, havana kumboti, “Petro, huya u—uise munamato, womirira zvino kusvikira wawana ZVANZI NAJEHOVHA, wouya kuzondiudza. Ona zvinotaurwa naIshe.” Vakati, “Kana tikangokwanisa bedzi kurara mumumvuri wake, nokuti Mwari vamwe chete vaiva muna Jesu Kristu vari maari, uye tinoona vachiita zvimwe chete. Saka vakabata mupendero wehanzu yaJesu nekurara mumumvuri waKe, uye Jesu ari mumurume uyu. Kana mumvuri uyu ukakwanisa kupfuura patiri, tichapodzwa.”

272 Bhaibheri rakati mumwe nemumwe wavo akaporeswa. Hapana musanganano wekunamata husiku hwese, uchiti, “Mwari, kana ndikaenda kunorara mumimvuri yemuapostora uyu?” Kwete, vaizviziva. Chiedza chakavavheneka. Moyo yavo yakadumbirwa. Kutenda kwavo kwakatupfunurwa. Amen. Vakazvitenda. Vakanga vazviona. Machira aPauro, nenzira imwe cheteyo.

Zvino, mukuvhara.

273 Jesu haana kumbobvira achema pavakaunza mwana aipenga kwaAri, aiva nefari, achiwira mumoto. Haana kumboti, “Baba, Ndiri Mwanakomana weNyu, zvino MakaNdituma pano kuzoita *zvakati-nezvakati, nezvakati*. Ndinogona kupodza mukomana

uyu here?” Haana kumbotaura. Akati, “Buda maari, Satani!” Akataura, mukomana akapodzwa.

²⁷⁴ PaAkasangana naRegioni, aiva nemadhimoni zviuru zviviri maari, aisava Jesu aichema. Aiva madhimoni aichema, “Kana Muri kuzotidzinga,” oh, ini zvangu, “titenderei kuti tipinde mudanga iro renguruve.”

²⁷⁵ Jesu haana kumbobvira ati, “Zvino, Baba, ndinokwanisa here kuita izvi?” Akati, “Budai maari,” zvino madhimoni akatiza. Chokwadi, Aiziva kuti ndiYe aiva Mhesia.

²⁷⁶ Pabwiro raRazaro, akanga afa kwemazuva mana. Vakati, “Dai Maiva pano, Ishe, angadai asina kufa.”

²⁷⁷ Iye akati, “Ndini rumuko neHupenyu.” Amen! Haikona kupi, riini, kana sei. “Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama.” Amen. Aiziva kuti iYe aiva Ani. Aiziva zvaAiva. Aiziva kuti Aiva Emanueri. Aiziva kuti Aiva rumuko. Aiziva kuti Aiva Hupenyu. Aiziva kuti maAri ndimo maigara huzaro hwaMwari mumutumbi. Ainge aona vanhu vaduku, ndokuona izvo Mwari zvaVakanga vaMuudza kuti aizoita, uye hapo paAiva. Akaenda zasi ikoko.

²⁷⁸ Haana kumboti, “Zvino, mirai, ndichambopfugama pano. Imi mose pfugamai munamate.” Akati, “Munotenda here kuti Ndinogona kuita izvi?” Amen. Akazvikumbira.

²⁷⁹ Aisava iYe; ndivo. “Hongu, Ishe, ndinotenda kuti Muri Mwanakomana waMwari aizouya panyika.” O, ini zvangu! Hapo paAri kuratidzwa. Chimwe chinhu chinofanira kuitika.

²⁸⁰ “Razaro, muka!” Akataura, uye munhu akafa akamuka. Kwete kuti, “ndingadaro?” Akangotaura. Kutenda pakwakasimudzwa, chinhu chacho chakaitika.

²⁸¹ Anotaura, Akataura, mapofu vakaona, mhetamakumbo dzikafamba, uye matsi dzikanzwa, madhimoni akadanidzira ndokubuda, vakafa vakamutswa, zvose. Sei? Haana kumbozvinamatira. Aiva akazodzwa kuva Mhesiya. Ndiye aiva Mhesiya wacho. Aiziva kuti Aiva iye. Aiziva nzvimbo yaKe. Aiziva zvaAkange Atumwa kuzoita. Aiziva kuti Baba vakanga vaMuratidza kuva Mhesiya, kumutendi. Uye paakasangana nemutendi iyeye aiva nekutenda, Akangotaura Shoko. Madhimoni akatiza. Hongu, Changamire. “Taura! Usacheme. Taura!” Amen.

²⁸² Zvino Aiziva kodzero dzaKe dzaakapiwa naMwari, asi isu hatizive. Aiziva zvaAiva. Isu hatizive.

²⁸³ Mosesi akanga akanganwa. Samsoni akanzwisisa. Vamwe vakanzwisisa. Joshua akanzwisisa. Mosesi akakanganwa. Mwari vaitofanira kumuchechutsa kwazviri. Vakati, “Ko uri kuchemei kwaNdiri? Ndakakutuma kuti uite basa. Taura, uende mberi kune chawakanangana nacho. Ndakakuudza kuti waizouya kugomo rino. Tora vana avo uvatungamire kuenda mberi.

Chingotaura. Handina basa kuti chii chiri munzira yako, chibvise munzira. Ndinokupa simba rekuzviita. Ndataura... Wakataura nhunzi neinda, uye zvisikwa, nezvinhu zvakadaro. Zvino chii chauri kudandzira kwaNdiri nezvacho? Sei uri kuuya kwaNdiri, uchidanidzira zvinhu izvi? Chingotaura uone zvichifamba, ndizvo zvega.” O, ini zvangu! O, ndinozvida zvakadini!

²⁸⁴ Pano, Jesu, zvose zvaAkataura, Akangotaura Shoko, ndokubva zvaitika. Mwari vakanga vanyatsa kuMusimbisa kuva Mwanakomana waVo. “Uyu Mwanakomana wangu anodikanwa Uyu waNdinofadzwa maAri. Munzwei.”

²⁸⁵ Mutarirei. Ndinofarira izvi. Akamira zvakashinga, zvinoyevedza zvakadini pamberi pevatsoropodzi vaKe. Amen. Akati, “Paradzai temberi ino, uye Ndichanamata kuna Baba ndoona zvaVanotaura pamusoro pazvo?” “Paradzai temberi, uye Ndichaisimudza zvakare, mumazuva matatu.” Kwete kuti, “Ndinotarisa kudaro; Ndichazoedza kudaro.” “Ndichazviita!” Sei? Gwaro rakadaro.

²⁸⁶ Gwaro rimwe chete rakati Aizomutsa mutumbi waKe, rakatipa masimba, Simba. Amen! “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni, vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka, kana kunwa zvinouraya, hazvizovakuvadzi; kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachaporeswa.”

“Sei uri kuchema kwaNdiri? Taura, uende mberi.” O, nehushingi ini. . .

“Paradza temberi ino, Ndichaisimudza zvakare.” O!

²⁸⁷ Uye rangerirai zvino, (tave kuvhara), aiva iYe mumwe chete. Aiva iYe akati, muna Johane 14:12, i. . . “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita achaitawo.” Ndizvo here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] Aiva iYe akataura kudaro.

²⁸⁸ Aiva Jesu, muna Marko 11:24, akati, “Kana ukataura kugomo iri,” kwete kuti kana ukanamata kugomo iri. “Kana ukataura kugomo iri, ‘simudzwa,’ usingapokane mumoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura.” Zvino iwe, kana ukangozvitaura zvisina ruremekedzo, hazviitike. Asi kana chimwe chinhu mauri, chekuti wa—wakazodzerwa basa racho, uye uchiziva kuti kuda kwaMwari kuzviita, uye wozvitaura, zviru kuzoitika. “Kana imi. . .”

²⁸⁹ NdiYe akataura izvi. “Kana mukagara maNdiri, Mashoko aNgu achigara mamuri, kumbirai chamunoda uye muchachiitirwa.” O, ini zvangu! O, ini zvangu! Munooona zvandiri kureva? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.]

²⁹⁰ Ruregerero, asi zviru kusimuka mandiri. Ndinofanira kuzvitaura. NdiYe akazvitaura, zuva riya kumusoro uko, musango riya, “Hauna chekuvhima.” Ndokubva Asika tsindi

nhatu dzakamira pamberi pedu ipapo. Chii? Kungotaura Shoko, kuti, “Dzichave *apo*, *neapo*, *neapo*,” uye hapo padzaiva. NdiVo vakazviita.

²⁹¹ Charlie, Rodney, Aiva iYe zasi ikoko kuKentucky; uye Nellie, naMergie, nemi mese. Aiva iYe, Mwari mumwe chete iyeye aiva shure uko akataura naMosesi, akati, “Sei uri kuchema kwaNdiri? Taura Shoko!” NdiVo vakadzisika kuti dzivepo. NdiVo. NdiVo. O, ini zvangu!

²⁹² Ndivo vakapa chiratidzo chiya gore rapfuura, chaiti taizoenda mhiri kuya, uye zviya Zvisimbiso Zvinomwe, uye nekuti kwaizova ne—ne—ne—nekutinhira kukuru kwaizozvitanga, uye kuti zvaizova muchimiro chepiramidhi. Zvino hapo *Look* mag- . . . Magazini re*Life* rinazvo, yakarembere pamadziro umo. NdiVo vakazvitaure.

²⁹³ Ndiye Uya, manheru aya pandaidzika nemugwagwa ndokuona nyoka huru yerovambira iya yoda kusvika pahama yangu. Iye akati, “Wakapiwa . . . wakapiwa Simba rekuisunga, nedzimwe dzose.” NdiYe akazvitaure.

²⁹⁴ Kumudzimai wangu mudiki achena musoro agere kumashure uko: Aiva iYe mangwanani aya, akandimutsa mumba, ndokumira mukona, akati, “Usatya kuita chinhu chipi zvacho, kana kuenda kupi zvako, kana kutaura chii zvacho, nokuti Hupo hwaJesu Kristu husingakundike hunewe kwese kwaunoenda.”

²⁹⁵ Aiva iYe kumusoro uko kuSabino Canyon, ingaita mwedzi mitatu yapfuura, pandainamata, ndichishaya kuti chii chaizoitika. Ndaiva ndakamira ipapo, munondo ndokuwira muruoko rwangu, ndokuti, “Uyu Munondo waMambo.” Aiva iYe.

²⁹⁶ Aiva iYe akati kwandiri, “SezvaNdaiva naMosesi, Ndichakutuma.”

²⁹⁷ Aiva iYe akataura kwandiri, makore makumi matatu apfuura, zasi kurwizi uko, sekamukomana kadiki. Ndakamirapo semuparidzi wechidiki, parwizi, makore makumi matatu apfuura, ndakamira apo Chiedza chiya, Shongwe yeMoto imwe chete, yakadzika kubva kumatenga ndokumira ipapo, ikati, “Sekutuma kwaNdakaita Johane Mubhabhatidzi kuti afanogadzirira kuuya kwaKristu kwekutanga, Mharidzo yako ichafanogadzirira Kuuya kweChipiri,” kunyika yose. Ko zvingaitika sei, apo mufundisi wangu akaseka nokuita dambe nazvo? Asi zvakanyatsa kuitika nenzira iyoyo. NdiYe akazvitaure. Hongu, changamire!

²⁹⁸ O, maitikire azvakaita kuti Akataura muchiporofita, kuchiratidzo, “Zvichaitika.” Iye ndiYe akati, “Kana mumwe wenyu akaporofita, kana kuona chiratidzo, ozvitaure, uye zvobva zvaitika; zvino rangarirai haasiriye, ndiNi. Ndinaye.”

O, ini zvangu! Zvandingatoenda mberi, ndichiti ndiYe, ndiYe, ndiYe!

²⁹⁹ NdiYe akadzika, pandakavaudza kuti Shongwe yeMoto yaiva zasi kurwizi, uye vakatadza kuzvitenda. Aiva iYe zasi pakati, paiva nemuparidzi weBaptisti, pamberi pezviuru makumi matatu evanhu husiku huya, muSam Houston Colosseum, apo Ngirozi yaShe iYa yakatorwa mufananidzo waYo, yakamirapo. Aiva iYe, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

³⁰⁰ NdiYe akafanotaura kwaizova nezvinhu izvi. NdiYe akazvitaure. NdiYe akaita zvinhu izvi. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Akaita zvose nenzira chaiyo yaAkati Aizoita nayo. Amen.

³⁰¹ Ko ndingamirira chii? Mwari vakasimbisa Shoko. IChokwadi. Handei nerwendo. Ngatifambei. Ngatifambei kufamba kwaShe, tichiisa parutivi kupokana kwese, zvivi zvese. Chenesa imba, nokuikweshwa.

³⁰² Sekutaura kwakaita chiratidzo chaJunior Jackson, hapana chimwe chakasara kunze kwemarambi; kana kuti chiroto chake, kana agere muno. Hapana chakasara kunze kwemarambi, uye vaiva nemabhanire endarama paari, muchiroto chaakandiudza humwe husiku. O, ini zvangu!

³⁰³ Hama Collins, musanetseka pamusoro pehove iya. Yaiva chena. Manga musingazive mabatirwo ayo.

³⁰⁴ Siyai zvose zvinopesana naRo. Rangarirai, ichi iChokwadi, zvisinei kuti Rinoita sekupenga zvakadini, uye zvimwe zvose, dzimwe nguva. Nyatsofambirana naRo. Iro Mweya Mutsvene. Mwari mumwe chete akamutsa Jesu Kristu kubva kuvakafa, mumwe chete uYo anogona kutaura zvinhu zvovapo, mumwe chete uYo akaramba mumazuva aMosesi, mumwe chete nhasi.

³⁰⁵ Kudana kwaKe muzuva rino rekupedzisira, Akasimbisa. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu.” Akapedza. . . Heyo Sodhoma zasi uko. Heuno Billy Graham naOral Roberts kunze uko. Uye Chechi iri kufambira mberi, nezviratidzo zvimwe chete zvaAkavimbisa, nzvimbo dzese dziri mbiri, uye hedzino padziri. NdiYe akazvitaure.

³⁰⁶ O Ishe, ndipeiwo hushingi, ndiwo munamoto wangu. Ndbatsirei, O Ishe Mwari.

Ndinofanira kugumira pano. Nguva dzafamba.

³⁰⁷ “Sei uri kuchema kwaNdiri? Sei uri kuchema kwaNdiri, Ini ndakaraidza kuva newe? Handina kupodza varwere vako here,” Angadai akadaro? “Handina kukuudza zvinhu zvakanyatsa kuitika nemazvo here? Mufudzi wako haagoni kuzviita. Ini! Haagoni; munhu. NdiNi, Ishe,” Angazvitaure. “Ndini uYo akazviita. Ndini uYo anomuudza zvinhu izvi zvokutaura. Haasiri

iyе. Inzwi raNgu. Ndini uYo anomutsa vakafa venyu pavanowira pasi. Ndini Anopodza varwere. Ndini Ndinofanotaura zvinhu izvi. Ndini Ndinoponesa. Ndini Ndinokupai vimbiso.”

³⁰⁸ Mwari, ndipeiwo hushingi hwekutora Munondo weShoko waAkaisa muruoko rwangu makore angaita makumi matatu nematatu apfuura, ndoubata nekufora mberi muKudhonza kweChitatu, ndiwo munamoto wangu.

Ngatikotamisei misoro yedu.

³⁰⁹ Baba veKudenga, nguva yave kupera, asi Shoko rave kukosha. Patiri kuzviona, Ishe, nguva nenguva, Hupo husingakundiye hwaKristu hunogara huchisangana nesu. NdinoKutendai zvakadini nekunaka kweNyu! Makatichengetedza zvakadini uye nokuva... nekutiropafadza, tinoKutendai zvikuru nokuda kwazvo!

³¹⁰ Pandiri kubata micheka iyi muruoko rwangu, Ishe, vanhu vane kutenda, vanotenda iZvi. Dai dhimoni rese, hurwere hwese hwabva pavanhu ava. Uye ndinoraira mweya yese iri muno; yakaipa, isiri yaMwari, mweya yese yehurwere, zvirwere zvese nekutambudzwa. Hatina kurara mumumvuri wemunhu, zvingadai zvakana, asi tiri mumumvuri weVhangeri, Evhangeri yakasimbiswa.

³¹¹ Shongwe yeMoto huru piri kukwira nekudzika nemuchivakwa chino, mumwe chete uYo Mwari vakatarisa nemaari, uye Gungwa Dzvuku rikazaruka, Israeri ikapfuura. Asi iye zvino paVari kutarisa, pakasaswa Ropa reMwanakomana vaVo pachaVo, pane tsitsi nyenya. Dai tikateerera. Dai nhasi uno tarega kutaura, zvekuchema. Dai tacherechedza kuti Makatidana kubasa iri. Ino ndiyo nguva yacho. Ndinozviture neMuZita raJesu Kristu, chirwere chose ngachibve panzvimbo ino.

³¹² Dai murume wese nemudzimai wese, anodanira paZita raJesu Kristu, apira hupenyu hwake patsva nhasi. Ndinopira hwangu, Ishe, paartari yemunamoto. Ndinozvituradzika pasi, nekuzvinyarira pachangu nekukotamisa musoro wangu pasi paMakandinhonga. Ishe Mwari, ndinoyara nokuda kwehutera hwangu nokusatenda kwangu. Kuregererei, Ishe. Ndipei hushingi. Tipei tose kushinga.

³¹³ Ndinozwa, saMosesi, tose tiri munzira yedu kubuda. Hapana watinoda kusiya. Tinoda kutora munhu wese, Ishe. NdeveNyu. Ndinovakumbirira kuti vave veNyu. Ropafadzai vanhu ava nhasi, Ishe. Zviitei. Zvino ndiropafadzeiwo, pamwe navo, Baba, uye Zita reNyu richarumbidzwa. Kubwinya kweNyu kuchava kweNyu. Tipei kutenda uku kwemunaZiendanakuenda, Ishe, patiri kuzvipira kwaMuri zvino.

³¹⁴ Ini, pamusoro peBhaibheri iri nepamusoro pekumira uku, ndinoKupai hupenyu hwangu, Ishe. Ndiri kuzembera pavimbiso

yese yaMakapa. Ndinoziva kuti dzichasimbiswa. Ndinoziva kuti iChokwadi. Ndipeiwo kushinga kwekutaura Mashoko aya. Ndipei kushinga, Ishe. Nditungamirei mune zvandichaita pamwe nekutaura. Ndinozvipira kwaMuri, nechechi ino, pamwe chete nayoy, Ishe, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Kutenda kwangu. . . kwaMuri,
Imi Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisai zvivi zvangu zvose,
O ndiitei kubva nhasi
Ndive weNyu chose!

³¹⁵ Zvino ngatisimukei, chinyararire, patiri kurwuimba nemahon'era. [Hama Branham neUngano vanotanga kuimba nemahon'era, *Kutenda Kwangu Kunotarisa KwaMuri—Mupepeti.*]

. . . kwaMuri,
Imi Gwayana. . .

Ngatingosimudza maoko edu kwaAri zvino.

O Muponesi. . .

Zvipirei kuna Mwari zvino.

Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisai kupokana kwangu kwese,
O ndiitei kubva nhasi
Ndive weNyu chose!

³¹⁶ Zvino pamwe chete, takasimudza maoko edu mudenga. [Ungano inodzokorora munamato uyu, mushure meHama Branham—Mupepeti.] Ishe Jesu, ndava kuzvipira kwaMuri zvino, hupenyu hwekushumira, zvakachena, nekutenda kwakawedzera, ndinochema, kuti ndive muranda anogamuchirika zviri nane muhupenyu hwangu hunotevera, kupfuura zvandanga ndiri muhupenyu hwapfuura. Regererai kusatenda kwangu, uye tidzoreredzei Kutenda kwakambopihwa vatsvene. Ndinozvipira kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu.

³¹⁷ Zvino patiri kukotamisa misoro yedu.

Pandinofamba muninga yehupenyu ine rima,
Uye marwadzo achindikomberedza,
Ivai Mutungamiri wangu;
Rairai rima rive masakati,
Gezai kutya kwangu kwese kubve,
Musandirega ndichirasika
Kubva parutivi rweNyu.

³¹⁸ Patiri kukotamisa misoro yedu. Uri kunzwa here kuti Mharidzo yemangwanani ano yakuitira zvakana? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti.] Kukupa kushinga? ["Ameni."] Kana uchigona, chingosimudza maoko ako kuna Mwari,

uchiti, “Mwari, ndinoKutendai.” [“Mwari, ndinoKutendai.”] Ndakasimudza maoko angu ari maviri, nokuti ndiri kungonzwa kuti ya—yandibatsira. Yandipa kushinga.

³¹⁹ Zvimwe zvinhu ndataura, handina kumbofunga kuti ndanga ndichazovitaura, asi zvatotaurwa. Kwava kutsiurwa kwangu. Ndakazviwana ndisiri munzira yandaifunga kuti ndiri, asi ndakazviwana ndiine mhosva yekungochema nguva dzose, panzvimbo yekutaura.

³²⁰ Mwari, ndibatsirei, kubva panguva ino zvichienda mberi, kuti ndizova muranda akazvipira zvakawedzerwa.

³²¹ Handisi kungozvinamatira pachangu bedzi. Ndinokunamatiraiwo, zvakare, kuitira kuti, pamwe chete, seMutumbi waKristu, wakadanwa kubva munyika, tichigadzirira Nyika yevimbiso, yandichapiwa kushinga naMwari kwekutaura nzira, nekujekesa nzira kuitira kuti musazopotsa muhwezva. Ndichakuudzai, nenyasha dzaMwari, ndichatevera matsimba ane Ropa aKe uYo akaenda mberi kwedu.

Zvino muchinjikwa uyu wakayereswa
ndichautakura,
Kusvikira rufu rwandisunungura,
Zvadarwo ndozoenda Kumusha, kunopfeka
korona,
Kune korona yangu.

³²² Tinopa izvi kwaMuri, Baba, kuzvipira kwedu, nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana weNyu. Amen.

³²³ [Imwe hama inotanga kutaura nendimi. Chibenga patepi—Mupepeti.]

³²⁴ Tinotenda Ishe nokuda kweizvi. Raramai hupenyu hwakayereswa. Zvipire, mukutapira, kuzvininipisa. Famba muMweya. Fambai, taurai, pfekai, zvibatei seMakristu, vakaninipa uye vanotapira. Musarega izvi zvichikundika zvino. Inzwi raMwari rinotaura kubudikidza nemuShoko, rinotaura kubudikidza nemuzvipo. Panouya chipo, chimwewo chinozviratidza, chimwe chipo chinouya choratidza chinhu chimwe chetecho. Munoono, ndizvo chaizvo maererano neShoko uye zvinoenderana nenguva. Mwari vanesu. TinoVatenda chose nokuda kwazvo! Zvino kana vedu. . .

³²⁵ Takakotamisa misoro yedu, kana hanzvadzi yedu vakatipa kodhi pane:

Tora Zita raJesu newe,
Senhowo kubva kumuteyo yose;
Miyedzo painokukomberedza,
Chingotaura Zita dzvene iroro mumunamoto.

³²⁶ Ingova, unongoita izvozvo, taura Shoko uye taura Zita rake. Ngatiimbei zvino patiri—patiri kuparadzaniiswa.

Tora Zita raJesu newe,
 Senhowo . . . nenhamo;
 Zvichakupa mufaro nenyaradzo,
 O, enda naro kwese kwaunoenda.
 Zita rinokosha . . .


³²⁷ Zvino ngatigwinhanei zvishanu, toti, “Ndichakunamatira, hama, uye ndinamatirewo.”

. . . Kudenga;
 Zita rinokosha, Zita rinokosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nemufaro . . .

³²⁸ Zvino takakotamisa misoro yedu, ngatiimbei vhesi rinotevera.

Tora Zita raJesu newe,
 Senhowo kubva kumuteyo yose;
 Miyedzo painokukomberedza,
 Chingotaura Zita dzvene iroro mumunamoto.
 Zita rinokosha, Zita rinokosha; O rinotapira!
 O rinotapira!
 Tariro yenyika nemufaro weKudenga;
 Zita rinokosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nemufaro weKudenga.

³²⁹ Misoro yedu yakakotamiswa zvino, nemoyo yedu pamwe nawo, tiine kubengenuka kwekuti Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu nokutenda pana iYe AkaNdituma, ane Hupenyu husingaperi uye haachazouya paKutongwa, asi wapfuura kubva murufu kuenda kuHupenyu.” Tichiziva kuti isu, nenyasha dzaMwari, tinazvo muhana yedu; nekuzvipira kwaAri mangwanani ano, kuti hupenyu hwedu huchashanduka, kubva pazuva rino zvichienda mberi, kuti tichawedzera pakufunga zvakanaka. Tichaedza kurarama mukutapira nekuzvinipisa, kuti, tichitenda kuti zvatichakumbira Mwari, Mwari vachazvipa kwatiri. Uye hatichataura zvakaipa hatichataura zvakaipa mumwe kune mumwe, kana mumwe wo munhu. Tichanamatira vavengi vedu nekuvada, kuita zvakanaka kune avo vanotiitira zvakaipa. Mwari ndiVo Mutongi anoti ndiyani wakarurama newakaipa. Paine . . .

³³⁰ Panheyo yeizvi, takakotamisa misoro yedu, ndichakumbira shamwari yedu yakanaka, Hama Lee Vayle, kana vakaparadzanisa ungoro nemunamoto. Hama Vayle. 

UNOCHEMEI? TAURA! SHO63-0714M
(Why Cry? Speak!)

Mharidzo iyi neHama naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 14 Chikunguru, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neveVoice Of God Recordings.

SHONA

©2016 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org